

MUTUMWA WEMANHERU



Ndatenda, zvikuru. Ishe vakuropafadzei.

Mungagare henyu pasi.

² Mwanakomana wangu anga akamuka nhasi, zvino ndokuti, “Baba, ndinoshuva dai tanga takaona chechi iyoyo tisati tatanga kuvaka yedu, inzvimbo yakanaka chaizvo.” Uye ataura nezve . . . Akati, “Handisati ndasangana nemushumiri wacho nazvino, asi kana ari munhu akanaka sezviri mudzimai wake, zvirokwazvo munhu akanaka.” Saka tinofara kuva pano.

³ Uye ndiri—ndiri kutarisira kumu—musangano manheru ano, kuti Mwari vachadurura maropafadzo aVo pamusoro pedu nokutibatsira.

⁴ Zvino isu tiri . . .Ndichangobva mukupinda, uye ndanzwa Hama Williams, ndinotenda, vachitaura chimwe chinhu pamusoro pekunge ndiri kuRamada. Uye ndofunga zviziviso zvacho zvatoitwa, pamusoro pazvo. Kazhinji vanoita izvozvo ndisati ndapinda. Uye zvirokwazvo tiri kutarisira kuva nenguva yakanaka zasi kukonivhenisheni. Zvino chikamu changu pano chakangoita sekutenderera ndichisangana nehama tichiyanana pakati pevanhu, uye tichinamata kuti Mwari vatipe mha—mhando chaiyo yekubvongodzwa, uye tobva taenda takananga kuRamada mumusangano mukuru. Zvino saka tiri kuyedza kushanyira machechi ose atinogona, kusvika panguva iyoyo. Uye tiri kuva nenguva yakanaka kwazvo. Zvirokwazvo tiri kuva nenguva inoshamisa uye neruwadzano rwepakati pehama dzedu.

⁵ Uye kazhinji ndiri . . .Chero ani zvake anoziva kuti handisi muparidzi zvakanyanya, ndakangoita sevhiri resipeya. Asi ini—ini . . .Shumiro yangu ndeyekunamatira vanorwara. Uye ini . . .Tanga tiri kuwandisa pahusiku, nezvimwe, kusvikira pekuti hatikwanise kuwana nzvimbo inokwana yekuti tidaro. Uye tiri kuzoedza kana isu . . .patinopinda munzvimbo dzatinokwanisa, muno, kuti tigopa makadhi nekuunza vanhu mukati tovanamatira. Asi tichiva nemusangano wehusiku humwe panguva yega-yega, vausiri kuwana manheru ano zvino vobva vavaisa zasi kune imwe nzvimbo husiku hunotevera, uye kumashure uko kune imwe nzvimbo, saka nenzira iyoyo ndakangoita sekutaura zvi—zvishoma—zvishoma manheru ega-ega kuvanhu, uye zvakanakisisa zvandinokwanisa kuita seku . . . kuitira rukudzo nekubwinya kwaJesu Kristu, uye Watinoda tose nekutenda, nekuyanana kwedu pamwe chete.

⁶ Ndinofunga manzwa tsaona pakona, nguva shoma yapfuura. Handizive kana murume yu aurayiwa, kana kuti angava ari ani, mota yapfuurira. Tangomira, tikangoisa munamoto, nguva

shoma yapfuura. Anenge mabhuroku 2 kumusoro kuno panga paine munhu anga arohwa nedivi ndokukandwa mudenga chaimo mumugwagwa. Uye munhu mukuru anga akafukidzwa kunze uko. Uye mapurisa anga aripo, asi handifunge kuti amburenzi yanga yati yambosvikapo. Vanofanira... Kana asina kuuraiwa, zvirokwazvo anga... Adhumwa padivi iri ndokukandwa nepamusuwo kune rimwe divi, saka kunofanira kunge kwanga kuri kudhumwa kukuru. Munoziva, zvango... .

⁷ Tinofanira kushumira Mwari nguva dzose. Hatizive kuti inguvai—hatizive kuti inguvai inogona kuitika zvinhu izvozvo. Pamwe tinofunga kuti haangave isu, asi munoziva zvinogona kudaro, munoziva. Saka, ndinotenda kuti Jesu akati, “Ivai makagadzirira,” nokuti hatizive kuti iminiti ipi kana awa yatingadanwa. Uye ipapo tichaenda kunzvimbo kwavasina tsaona, uye kusina matambudziko. Tinofara zvikuru kuti kune nzvimbo yakadaro iri muvimbiso.

⁸ Munoziva, pfungwa yacho chaiyo, manheru ano, yeku—yekuona kuti tingashuvira nzvimbo yakadaro, zvinoratidza kuti pane nzvimbo yakadaro. Maona? Uye tinoziva kuti bvuri rose, mimvuri yose, panofanira kuva nechimwe chinhu chinogadzira mumvuri. Mumvuri ichadzera. Saka kana paine hupenyu hwakadai, zvinoratidza kuti mumvuri, zvino pane hupenyu chaihwo kune imwe nzvimbo hwaunoratidza. Maona? Munocherechedza muti, kunaka kwakaita muti. Zvino munoziva kuti chii ichocho? Imhando yebvuri, remumvuri, weMuti weHupenyu uri Kudenga.

⁹ Zvino, munoziva, Mwari pavakauya panyika, paVakanga vakavhumbamira pamusoro penyika pamavambo, uye zvichida chinhu chekutanga chakavapo chaiva bu—buruwuru, sezvinoedza kutaura vezvesainzi. Chinhu chakatevera chinogona kunge chaiva chimwe chinhu... Ndinotenda mushanduko yezvisikwa yechokwadi yeChikristu, asi handitende kuti zvese zvakabva pachizenga chimwe chete. Ndinotenda kuti zvinongo... Mwari vakagadzira buruwuru, ndokubva Vagadzira hove, uye Vakazogadzira chimwewo chinhu. Uye chete... Ndinotenda mukuuya, kwete nechizenga chimwe chete, asi chisikwa chakasiyana nguva dzese.

¹⁰ Uye pakupedzisira Vakaenderera mberi, kuchiuva mhando yechisikwa chepamusoro, uye mushure mechinguva chakaridzwa Uyo akanga achivhumbamira, aive Mwari. Zvino, kuratidza kuti ndizvozvo, Mwari pavakaitwa nyama vaive Jesu Kristu, munhu. Maona? Saka, kwete Ngirozi, munhu. Saka zvinoratidza kuti zvakapa chadzera chaVo.

¹¹ Uye, oo, Bhaibheri rekare iri rakazara nematombo iwayo akare anokosha. Ndinongo... Ndinongoda kutsvaka matombo anokosha (hamungadi here?) ndongopindamo ndozunza guruva rose paRiri, ndoRitarisa ndoona zvaRiri. Matombo anokosha, imi

vanhu munoziva muno muArizona, matombo makuru anokosha anobva muguruva renyika. Ndimo maanobva. Uye matombo anokosha aMwari anobuditswa kubva muguruvawo, zvakare. Uye iVo. . . Tinofara zvikuru kuti Vanotipa mukana wekupinda munzvimbo yaVo huru yekunatsa, uye tsvina yose yabviswa.

¹² Munoziva kuti vaimboita sei? Chokwadi, imi vanhu vemuArizona munoziva maitiro avai. . . vasati vava nemuchina wekunyungudutsa, kuti vainatsa sei goridhe. Tinoudzwa kuti vaitora goridhe voridzvura. MaIndia akare aimboita izvozvo, kuridzvura. Uye vachingoripidigura, nekuridzvura voridzvura, kusvikira vabuditsa tsvina yose kubva mariri. Uye maziviro avaiita kuti yese yainge yabuda (renhema rese nezvimwe zviri mariri, zvose izvozvo), pavaiziva kuti yabuda, ari kudzvura wacho aizviona mariri, aigona kuzviona iye pachake. Aibva aziva kuti rava kuchena, parairatidza mufananidzo wake iye.

¹³ Uye, munoziva, ndinofunga kuti Mwari vanoda kuita Chechi yaVo nenzira iyoyo, kungodzvirira nyika yose kunze kusvikira chadzera chaJesu Kristu chagara mune mumwe nemumwe wedu uye toratidza Hupenyu hwaKe. Zvadaro tinenge tagadzirira chaKe. . . AnoZviratidza kubudikidza nematiri panguva iyoyo, kana tawana. . . tabvisa zvose zvinoremara nechivi chinongotivhiringa zviri nyore, kuti timhanye nemoyo murefu nhangemutange yatakaisirwa mberi kwedu, tichitarisa kuMuenzaniso, Muvambi neMukwanisi weKutenda kwedu, Jesu Kristu. Ndinofara kwazvo nokuda kwaiZvozvo!

¹⁴ Zvino, kazhinji ndinoti manheru ega-ega. . . Ndati kuna Hama Carl Williams, ndati, “Hama Carl, vanhu ava havadi kundinzwa zvakare, kukwira nekudzika nemumipata iyoyo, ndichivagarisa kusvika maawa 2 kana 3 husiku hwega-hwega.”

Vakati, “Zvino, asika, huyai zvenyu.”

¹⁵ Saka ndinotenda nekutsungirira kwenyu mu—mukundikoka kuti ndidzoke zvakare. Uye zvino manheru ega-ega. . .

¹⁶ Ndataura nemudzimai wangu nguva shoma yapfuura, zasi. . . Ari kuTucson zvino, zvino ndati, “Mamiriro ekunze akadii?”

¹⁷ Akati, “Kwava kuenda kuchidziya.” Iye ndokuti, “Uri kubata nguva here?”

Ndikati, “Chaizvoizvo, zvekuma 10 kana 11 husiku hwega-hwega.”

¹⁸ Ndati kwaari, “Ndichazombozorora pandichaenda kunze kuArizona nguva ino pamusangano mudiki uyu. Ndiri kuenda kumachechi iwawo, hama idzodzo. Handisi kuzoomesera vanhu ivavo, ndichangopinda imomo uye ndichaita kuti kuimbwa kuitwe, jubheri. Ndichazviganhurira pachangu, ndoisa zvinyorwa zvangu kusvika pamaminiti angangoita 15, 20, ndoti ‘Ameni’ ndoenda kumba.”

Akati, “Uri kubata nguva here?”

¹⁹ Ndikati, “Hongu, mudiwa, ndiri; nguva yemazuva ose, kusvika maawa 3.” Vanhu vakanakisa kwazvo; vane kutsungirira zvikuru.

²⁰ Zvino, ngatikotamisei misoro yedu kwekanguva zvino tichiswedera kwaVari. Zvino, ndine chokwadi kuti muungano yakanaka yevanhu vakadai vanotenda, uye kunyanya. . . Ndiri kuona nhowo 2 dziri pano, vanhu vanorwara uye vane zviri kudikanwa, ndinoziva kuti vane zvikumbaro zvakatsaurwa. Hapana kupokana kuti pane vamwe vakawanda vane zvikumbaro izvi. Kana zviri izvo, ingosimudzai maoko enyu uye mongoita kuti zvizivikanwe pamunenge muchisimudza ruoko rwenyu. Uye zvino mumunamato ndichaenda kunonamatira vanhu ava vari panhowo idzi, tichiri—tichiri pano, kuti tive nechokwadi chekuzviwana. Kana chimwe chinhu chikaitika. . . Vave vakatendeka zvakakwana kuti vaunzwe muno, ndinoda kuti mose munamate neni.

²¹ Baba vedu Vekudenga, tave kuisa parutivi zvino imwe pfungwa yose, tichichenesa pfungwa dzedu, uye tiri kuuya muHupo hweNyu kuti mweya yedu icheneswe. Uye tinounza pamberi pedu Ropa raIshe Jesu. Tiri kupupura kuti hatina kukodzera kuwana chero ropafadzo zvaro raMungatipa, asi nokuda kwekuti iYe akafa kuti tiwane maropafadzo aya, uye akatiudza kuti tiuye nehushingi pamberi peChigaro chehushe, kuti tive nemukana kumaropafadzo aya kubudikidza nyenyasha dzaIshe wedu Jesu, uYo akauya panyika, Emanueri, akatora nzvimbo yemutadzi. Akava *isu*, oo, kuti isu tigova *iYe*.

²² Kuchinjana kwakadini, Ishe! Hupenyu hwezvivi, hwakananga gehena hwataiva nahwo, uye nokuziva kuti Mumwe akauya ndokutora hupenyu ihwohwo paari iYe, uye ndokuchenesa zvivi zvedu neRopa rakadeurwa reHupenyu hwaKe pachaKe. Zvinopfuura izvo zvingafungwa nemwoyo yedu, Ishe. Uyezve, pamusoro pazvo zvose, Akagadzira nzira yekubvisa kusarurama kwedu nekutipodza nemavanga aKe. Tinotenda zvikuru kuti Akavimbisa kuti Achatichengeta zvakana patinenge tichiMushumira.

²³ Uye zvino manheru ano, Baba, pane zvikumbaro zvakawanda zvaka. . .nemaoko avo akasimudzwa. Tinoziva kuti Muchacherechedza mumwe nemumwe wavo, muchiziva zviri pasi peruoko irworwo, mumwoyo.

²⁴ Uye ndinokumbira, Ishe, kuti Murangarire Shoko manheru ano patiri kuRiverenga; nekufungisisa paRiri sechidzidzo chidiki, seSunday school, kuti tibve pano manheru ano uye— uye tova neizvi mumwoyo yedu, kuti tinonzwa sekuti tichava pedyo neMi, tichibuda, kupfuura zvatanga tiri patapinda. Ndicho chikonzero tiri pano, kuti zvigounza rumutsiriro munyika yose, tisingazive kuti rwungatanga rinhi, asi netarisiro

takarwutarisira, Ishe. Tiri kuisa kushingaira kwese kwemunhu kwatinogona kuti tiunze rumutsiriro rwunounza varume nemadzimai, vakomana navasikana, kuzivo inoponesa yaKristu.

²⁵ Tinoda kuKutendai nokuda kwechechi ino, nokuda kwemufundisi wayo akanaka nemhuri yake, uye nekuda kwemadhikoni ose, matirastii, uye nezvose zvainomiririra. TinoKutendai nokuda kweavo vane hushingi hwekumira. Uye, Ishe, tinongonamata kuti maropafadzo aMwari agare pamusoro pavo. Ropafadzai kushingaira kwose. Dai ino ikava nzvimbo, Ishe, apo mupata wose uri pano ungapinda ugowana zororo. Zviitei, Baba. Dai minyengetero yemufundisi yevanorwara yapindurwa. Dai minyengetero yavo yapindurwa yeruponeso, yavose vanopinda mukati—munharaunda yeEvhangeri. Dai maropafadzo eNyu ava pamusoro pavo. Uye dai chechi yarega kushaya chipo chemweya, ngaive nzvimbo, chechi yemuenzaniso munharaunda yese. Zviiteiwo, Ishe.

²⁶ Zvino, Baba, varere panhowo pano manheru ano, vasingagoni kumuka vogara uye voropafadzwa nemusangano, ndeavo vasina mukana uno. Uye vatakurwa kuunzwa muno neimwe nzira, manheru ano. O Mwari, ivaiwo netsitsi! Ndinofunga, “Ko dai anga ari mudzimai wangu kana munin’ina wangu, kana mumwe munhu anova wehukama, wandaiziva chaizvo?” Ndeuwemumwe munhu, uye ndinonamata, Baba, kuti nyasha dzaMwari, nesimba raVo, zvisvike kwavari murudzikinuro rwaMwari manheru ano, zvovadzikinura kubva panhowo idzi. Dai vakasazova panhowo idzi kwenguva inodarika musangano uno manheru ano. Dai, pavanoenda, nhowo idzi dzasara. Dai simba, rakamutsa Jesu kubva kuvakafa, ramutsa mitumbi yavo kuhutano hutsva nesimba zvakare. Zviiteiwo, Baba vedu. Zvino, tinoziva kuti Makavimbisa kuzviita.

²⁷ Naizvozvo, kwakanyorwa muMagwaro kuti, “Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda. Kana vakaisa maoko avo pane vanorwara, vachapora.”

²⁸ Zvino, Baba, pakuti pangasava nemunhu pedyo navo angavasvikira, apo vamwe vachikwanisa kusvikirana, ndichafamba ndichidzika pasi mukurangerira murairo uyu. Uye, Mwari, ndiri kutarisira kuzova netsamba kubva kwavari, kuti zvakaaitwa, nokuti ndiri kuenda muZita raJesu Kristu.

²⁹ [Hama Branham vanobva papuratifomu kwemaminitisi 3 nehafu kuti vanonamatira vari panhowo, mashoko avo haanzwiki—Mupepeti]

Ishe, ndinotenda, O Ishe, ndinotenda,
Zvinhu zvose zvinogoneka, Ishe, ndinotenda;
Ishe, ndinotenda, Ishe, ndinotenda,
Zvinhu zvose zvinogoneka, Ishe, ndinotenda.

³⁰ Nekuda kwekuti madzimai vese vaviri vanga vaine zvimapundu, kenza pane mumwe, uye, ndingangokurumidza kupa chapupu chidiki ichi, kana ndichifanira kupfupisa kumwe kutaura kwangu. Ndisati ndabva kumba, nyaya yekupedzisira yandakave nayo ndisati ndabva, yaive nyaya yakatoti siyanei, paiva nemumwe mudzimai anonzi Dyer; anga ari, ndakanganwa zita rake zvino. Aiva Chiremba Dyer, anobva kuLouisville. Mumwe James, Chiremba James Dyer, mazvikokota wezvemapundu, nezvimwe zvakadaro, muLouisville.

³¹ Mwanasikana wake airidza piyano muchechi ye The Open Door, uko Chiremba Cauble ndivo mufundisi; ingori, oo, sinagogi huru, kwazvo yakare yechiJudha. Uye murume wacho pachake aive ari weChurch of Christ, sangano reChurch of Christ, uye akatendeuka mukutenda evhangeri yeEvhangeri yakazara, murume akanaka kwazvo. Zvino airidza mumusangano wangu pandaiva nawo muLouisville, kuMemorial Auditorium. Zvino akashamiswa kuona zvakaitika, akaedza kuudza baba vake nezvazvo.

³² Vakati, “Zvinongova zvekushandisa pfungwa. Vanhu ivavo vari kutongorwara sezvavanga vari.” Uye saka—saka vaisaZvitenda.

³³ Pakupedzisira akazobva kucheche, akaroorwa nemukomana aibva kuseminari yeBaptisti, uye pakupedzisira murume akabva pakutenda kwake. Anga akadzidzira kuva mushumiri, uye semaBaptisti anozviita nenzira iyoyo. Uye saka ivo... Pakupedzisira akabva, aisada kuparidza. Zvino vakatamira kune vanhu vekwake kuRockford, Illinois.

³⁴ Pakupedzisira iye, Jean, akatanga kuva nerimwe dambudziko remadzimai. Akaenda kuna baba vake kunoongororwa, akadzoka kuLouisville kuzoongororwa. Uye, pavakadaro, vakawana zibundu rinonzi iro “chocolate tumor,” riri muzvizinga zvechikadzi. Vachibvisa iroro, baba vake, neoparesheni huru, zvino vanofanira kunge vakadeurira zvimwe zvebu—bundu racho maari. Uye pakupedzisira... Uye vakamuita X-ray yezvemukati ne—nekumurapa.

³⁵ Uye saka zvino kana ivo... paakadzokera kumba, uye ndokuramba achiva nedambudziko.

³⁶ Rinenge gore rakazotevera vakauya naye kuzoongororwazve, zvino vakaita oparesheni yekubvisa chibereko chose. Uye pavakadaro, baba vacho, pamwe naChiremba Humes, vanova mumwe wavanachiremba vakuru vekuMaodzanyemba, vakaita oparesheni yacho, zvino yakanga yanyanya kufamba, kenza yacho yakanga yatopararira muura. Saka vakamusiya ipapo kwechinguva. Zvino vakaedza kurapa neX-ray zvakare, uye vakaona kuti hazvina zvazvakabatsira, saka vakabva vangomudzosera kuchipatara kuti... Vakanga vasisakwanise

kumupa mumwe mushonga wekusuka mudumbu, saka vakaedza kumugeza ne enema. Uye zvakazosvika pokuti mvura yaisapinda muura zvachose.

³⁷ Saka zvino murume wake aive mumwe wevatsoropodzi vangu. Zvino pakupedzisira rimwe zuva akauya zasi ikoko ndokutora bhuku ndokutanga kuriverenga. (Uye mwanakomana wangu pano naHama Sothmann, ndivo mumwe wematirastii, vari muno pane imwe nzvimbo.) Zvino akangorara pamasitepisi emusuwo wechechi, handiti, kweanenge mazuva mashoma, kusvikira... Nda—ndainge ndisipo ndiri kumusangano. Ndichidzoka nda—ndakaenda kunomuona. Akandiudza, akati, “Zvino, haazive kuti ane kenza.” Akati, “Ingoendai munotaura naye uye monamata naye.”

³⁸ Zvino saka pandakamuona, akati, “Hama Branham,” akati, “murume wangu achagamuchira kupodza kwaMwari,” ndokuti, “nekuti ndaisakwanisa kumuita kuti averenge rimwe remabhuku aya, iye zvino anondiverengera peji nepeji zuva nezuva, rimwe remabhuku aya.”

³⁹ Ini ndikati, “Ndinovinzwisisa izvozvo, Jean.” Ini ndikati, “Zvino, Jean, ngatitauze tione kuti Ishe vachati kudii.” Makanga musina munhu mukamuri, mukoti akanga abuda. Uye saka takataura kwechinguvana, uye mushure mechinguva pakauya chiratidzo. Ini... Ane makore angangoita 40, asati achena musoro, asi anga akura zvakanyanya uye achena musoro. Ndakati, “Jean, zvino, wakambove mumisangano.”

“Hongu, Hama Branham.”

⁴⁰ Ndikati, “Vakakuvanzira izvi, uye vandiudza kuti ndisazvitaure, asi une kenza.” Ini ndikati, “Baba vako ne... Kana kuti murume wako ati, ‘Musataura chinhu pamusoro pazvo.’ Asi une kenza, Jean. Asi, zvino, ndinoda kukuudza, nokuti wakambove mumisangano. Chiratidzo hachina kumbobvira chakundikana. Zvino ndava kukuudza, Jean, iZVANZI NAJEHOVHA! Waona?” Maona?

⁴¹ Zvino, unoda kuva nechokwadi chaicho chazvo, munoona, kuti... kuti ndiJehovha. Kwete zvekungofungidzira; unozviona. Maona?

Saka zvino ndakabva ndati, “Uri kuzorarama. Vari... Iye...”

⁴² Akati, “Hama Branham, ndaizvifungidzira izvozvo nguva yose iyi.” Iye ndokuti, “Sezvo ndakarerwa mumusha nababa vangu vari chiremba,” akati, “nda—nda—ndakazvifungidzira.” Akati, “Ndaizvifunga nguva yese iyi, kuti ndizvo zvazvaive.” Takanamata.

⁴³ Zuva raitevera, zuva rechipiri shure kwaizvozvo, vaizomutora kunomuita oparesheni ye colostomy. Ndiko, munoziva, vanocheka ura hwacho voisa chibhegi padivi saka

zvino murwere anongo...kusvikira vafa, kenza inozopedzisira yavauraya, vobudisa zviri muura zvichienda muchibhegi. Zvino pavakanga vamugadzirira, uye vatogadzirira uye vagadzirira tafura yokuopareta, akaita mamwe manzwiwo asinganzwisisike. Uye ivo...akadaidza mukoti kuti auye kuzomubatsira kuenda ku—kuchimbuzi. Zvino, paakadaro, akazvibatsira zvizere semazuva ese. Zvino murume wake—wake izvi zvakangomukunda. Zvino zuva rechipiri...Havana kumutora. Zuva rechipiri, zvakangonyatsonakawo, mushure mekudya kwemangwanani, akanozvibatsira zvakana. Saka iye...

44 Chiremba wake akafona. Ari pakati pekupfikura nekuchema, akati, “Ini handisi kutongonzwisisa, hatisi kuwana kana chiratidzo chimwe chayo zvachose. Yaenda.”

45 Zvino, zvino, hanzvadzi dzangu dzinokosha, handina chikonzero chekumira pano semuranda waKristu ndigotaura chimwe chinhu chisiri icho, nokuti ndichatongwa nezuva iroro, uye ndova muraswa, semunyengeri.

46 Zvino, neShoko raMwari rakazaruka, handina kunamatira Jean zvingadarika uye nekuperera kwakawanda kudarika kwandakuitirai imi, munoono. Takangovera hoko diki iyoyo, tichiziva kuti munamato wekutenda wakanga wanamatwa. Ndizvo zvinogadzirisa nyaya yacho ipapo. Shoko raMwari rakataura kudaro, munoono, “Munamato wekutenda uchaponesa vanorwara.”

47 Zvino, Mwari vamwe chete vakapodza mwanasikana waChiremba Dyer, anova Jean...Handizive kuti zita rake rave ani zvino. Asi murume iyeye zvirokwazvo akagamuchira Vhangeri rakazara. Mharidzo yekupedzisira kucheche, hepano paakanga agere ipapo chaipo achiteerera zvose, achitora chirairo nesu, nezvimwe zvose, mudzidzi weBaptisti akanga auya kunaShe kuzobhabhatidzwa neMweya Mutsvene. Zvino, zvinongoratidza kuti Mwari vanoramba vari Mwari.

48 Uye chiremba, baba vake, murume akanaka, asi vakanga vasati vamboona kana chinhu chakadaro chichiitika.

49 Zvino, Mwari vane nguva yezvinhu zvose. Uye pakutenda, mose vaviri muri vatendi. Saka dzimwe nguva zvinhu izvi zvinoitika mukunaka. Munoziva, Bhaibheri rakati, “Zvinoshanda pamwe chete mukunaka.”

50 Zvino, rangarirai Jobho, miyedzo yake yose? Zvino, vakanga vasiri Mwari vachiranga Jobho, asi vakanga vari Mwari vachisimbisa muranda waVo. Saka zvese zvakashandira mukunaka, munoono. Uye zvakare Bhuku raJobho rakanyorerwa zvizvarwa zvose, kuitira huchapupu. Zvino, Mwari vari kuita kuti zvishande mukunaka.

⁵¹ Ingorangarirai, ndanamata, nemooyo wangu wese, munamoto wekutenda. Zvitendei, zvino ipapo, zvichabva zvaringana, ndiyo ichava nyaya yacho, ingo—ingotaraisai mhedzisiro yazvo.

⁵² Zvino, kuti tipinde mumha—mharidzo, (vazhinji vakamira), mharidzo diki yemanheru ano.

⁵³ Uye—uye ingorangarirai zvino, ikoko ku—kuRamada, kuchave nevatauri vakanaka kwazvo pakonivenisheni iyi yekuRamada nguva ino, veBusiness Men, saka imi... zasi kuRamada. Saka ivai nechokwadi chekuedza kuuya kumusangano uyu. Hama Oral Roberts vachange varipo kuhusiku hwemabiko.

⁵⁴ Uye, zvino, ndakaita sekuva chikamu chidiki cheTucson, ndiri kuzomiririra Tucson. Tine mumwe zasi ikoko, zvakare, manheru eMuvhuro unotevera, saka kana zvikaitika kuti muri ikoko, saka, huyaiwo zasi ikoko zvakare. Uye munozofanira ku... mungangotsungirira neni kwenguva duku, nokuti ndiri kufanira kutaura pane iwoyo. Saka huyai kana muchikwanisa Chipiri chinotevera... Muvhuro unotevera manheru paRamada Motel, Ramada Inn, kuTucson. Uye, chokwadi, tose tinoziva kuti Phoenix inongova nzvimbo iri kunze kweTucson. Tose tinozviziva izvozvo, munoono, saka—saka huyai muone kuti vanhu vemumakomo vanorarama sei.

⁵⁵ Zvino ngativhurei mumaBhaibheri edu kuna Zekaria 14, chitsauko 6 ne 7, ndinoshuva kuverenga... kutora kubva pane iri chitaurwa chidiki chemusoro wenyaya wandiri kuda kutora.

Zvino zvichaitika kuti nezuya iro, kuti chiedza chichange chisina kujeka, kana kusviba:

Asi richava zuva rimwe rinozivikanwa naJehovha, risiri masikati, kana husiku: asi zvichaitika, kuti nenyuva yamadekwana chiedza chichavapo.

⁵⁶ Zvino ndinoda kutora kubva apa, *Mutumwa Wemanheru*, semus-... musoro wenyaya: *Mutumwa Wemanheru*. Chokwadi, tinogona kuva nevatumwa zuva rese, uye kwanga kune vatumwa muzuva rose rino raAkataura nezvaro, asi kuchauya Mharidzo yemanheru. Uye tinoda kuzvitarisa manheru ano uye nenzira yakaita seSunday school, totaura nezvazvo kwechinguva.

⁵⁷ Zvino, tose tinoziva zvaitaurwa nezvazvo naZakaria pano, nokuda kwekuti akati, “Zuva richasvika richacherechedzwa naJehovha, risiri masikati kana husiku; asi kumanheru kuchava neChiedza.” Zvino, kana taiziva kuti akanga asiri masikati kana husiku, raifanira kunge raiva zuva rakaita sekudzi—dzi—dzimaidzwa, zuva rakaita serine mhute.

⁵⁸ Uye tese tinoziva kuti budiriro yehungwaru yakafamba kubva kumabvazuva ichienda kumadokero. Budiriro yekaresa yatinayo iChina. Uye budiriro yakafamba kubva kumabvazuva ichienda kumadokero, nekuti yakatevera zuva, uye zvino tasvika

nzira yese kuMhenderekedzo yeMadokero. Kana tikaramba tichienda mberi, tinodzokera kuMabvazuva zvakare, munoona. Saka tave pamagumo enzira.

⁵⁹ Tinotenda, seChechi, kuti Vhangeri ratosvika kumagumo. Tinotenda kuti vatumwa vakuru kupfuura nemumazera, mumazuva ano ekupedzisira, makore akati kuti akapfuura, vakarwira zvinhu zvikuru izvi; kururamiswa nokutenda, Luther; kucheneswa, naWesley; rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, nemaPentekosti. Tinotenda kuti zvinhu izvozvo zvinoumba mutumbi wakakwana, sewenyama newemweya.

⁶⁰ Kana mwana akazvarwa zvakanaka, chii chinotanga? Chinhu chekutanga chinobuda, imvura; chinhu chinotevera, iropa; uye chinhu chinotevera, hupenyu.

⁶¹ Johane Wekutanga 5:7 yakati, “Kune 3 vanopupura Kudenga, Baba, Shoko, neMweya Mutsvene: uye 3 ava mumwe.” Ivo Mumwe; haukwanise kuva naBaba usina Mwanakomana, haugone kuva neMwanakomana usina Mweya Mutsvene. Munoona, ivo Mumwe. “Asi kune zvitatu zvinopupura panyika zvinoti, mvura, ropa, neMweya: uye izvi zvinotenderana muchinhu chimwe.” Hazvisi chimwe, asi zvinotenderana mune chinhu chimwe. Maona?

⁶² Zvino, unogona kururamiswa usina kucheneswa; unogona kucheneswa usina Mweya Mutsvene. Maona? Mweya Mutsvene ndiwo Hupo hunogara mukati hwesimba raKristu, muMweya. Zvino, tinoona kuti zvepanyama zvinofananidzira zvepamweya, saka Chechi yave mukuyaruka kwayo kwakakwana zvino: kururamiswa, kucheneswa, rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Tichangopfuura nemuMazera Manomwe eKereke, kumba, tichizviisa mumufananidzo zvakanyanzonaka.

⁶³ Uye, gara zviya, pane here akambonzwa matepi iwayo emazera ekereke? Panguva yekupedzisira pandakadhirowa mazera iwayo pabhodhi, uye Baba veKudenga vanoziva kuti ichi ichokwadi, pandakaapedza nepese pandaigona, ndiri pasi pekufemerwa kwandakapihwa naMwari, Mutumwa waJehovha uya wamunoona pamufananidzo (vazhinji makaona mufananidzo iwoyo, handiti, Chiedza chiya?), Chakapinda mukamuri imomo chaimo, pamberi pevanhu vangaita 300 kana 400, chikaenda chaiko nechekurutivi rwemadziro (seChiedza saizvozvo) ndokudhirowa mazera iwayo ekereke pachezvaCho. Tese takamirapo takaChitarisa, tikaChiona chichidhirowa zera rekereke rekutanga, rechipiri, rechitatu, nerechina, rechishanu, rechitanhatu, nerechinomwe.

⁶⁴ Zvino, pane vanhu vagere pano vari chapupu chazvo. Simudza ruoko rwako kana zvirizvo. Bhaibheri rakati, “Nemiromo yezvapupu 2 kana 3.”

⁶⁵ Munhu wese aive akagara ipapo, achidanidzira nezvimwe zvese, ndakati, “Hecho! Zvino, magara muchida kuChiona,

munhu wose anogona kunyatsoChitarisa.” Kuma 11 o'clock masikati, chakamira ipapo pamadziro, ndokudhirowa mazera ekereke iwayo, zvingori neMweya wakati wandei, uyezve nerima kuratidza kuti Mweya wakabviswa ukapinda nemuZera reRima ndokudzoka zvakare, semadhirowero andanga ndaita. Uye tinayo, mifananidzo yacho, nezvose zvakadhirowewa, zvakaturikwa kumadziro. Uye hezvoka izvo nemazvo chaiwo. Zvinofanira kunge zviri izvo kuti Mweya waShe wakagutsikana kuti akapedzwa, nokuti Vakadzoka vakasimbisa kuti ndizvozvo.

⁶⁶ Uye tiri kurarama muZera reChechi yeRaodhikia, zera rekereke rakapfuma rinofunga kuti hapana chavanoda, uye vasingazive kuti havana kusimira, vanosuwa, mapofu; uye havazvize, munooni. Zvino, zvose izvozvo, zviri mufananidzo.

⁶⁷ Zvino, zuva rimwe chete rinopenya ku...rinobuda kuMabvazuva ndiro zuva rimwe chete rinonyura kuMadokero. Zvino, ngatimbomirai kwechinguvana tichiisa nheyo pamharidzo iyi. Tinoziva kuti zuva, ndiro z-u-v-a, hurongwa hwenyeredzi. Asi M-w-a-n-a-k-o-m-a-n-a waMwari akauya pasi, mukubwinya kwaMwari neChiedza chaMwari, kuMabvazuva. Uye takava nemakore 2,000 zvino, zvinonekwa naShe, Vakati, “Ichazova nguva inenge isiri masikati kana yesanhu, inongova zuva rakadzimaizwa; asi munguva yemanheru kuchava neChiedza.”

⁶⁸ Zvino, mukacherechedza, Mweya Mutsvene wakawira pavanhu vekuMabvazuva kutanga. Zvino takava nenguva yekungojoinha chechi uye nekunhonga zvidiki zvakasaririra, nezvikonzero zvidiki zvinofanira kurwirwa. Asi zvino panguva dzamanheru, kudivi reMadokero, kuchave neChiedza. Uye isu tiri panguva iyoyo zvino! Budiriro yehungwaru yakauya semukaha mukuru kubva kuMabvazuva, ichitakura chivi nguva dzose payaiuya, zvino yasvika kuMhenderekedzo dzekuMadokero sechidzivo cheruzha, zvino yadzokera shure, uye nzvimbo yakawora zvakanyanyisa yandinovisa iri kuMhenderekedzo dzekuMadokero. Chero chipi chaungada kufunga nezvacho, vanacho, chivi, huwori, kurambana, kuroorana, Hollywood, gomba racho chairi regehena! Ndizvozvo chaizvo.

⁶⁹ Ndinotenda muhutsvene hwechokwadi hweBhaibheri. Uye handitendi muhuwori uhwu nezvinhu zvakawora zvinopa muenzaniso pamberi pevanhu vedu, zvinonzi Hollywood. Uye ndagara ndichipesana nazvo. Uye ndinofunga kuti munhu ane Mweya waMwari maari anopesana nazvo, nekuti Mweya waMwari waizopupura kuti “izvozvo hazvina kunaka” kwaari.

⁷⁰ Zvino ndinofunga kuti ndiyo imwe ye...Taisimboenda kuParis kunotora vanoshambadza zvipeko vasina kusimira vachizokurura vakadzi vedu nhumbi, zvino Paris yave kuuya kuno kuzotora vedu. Maona? Hollywood inotungamirira nyika.

Uye mafashoni ekusasimira atinawo nhasi, anopfuurira eku France (imbopafungai ipapo!), nzvimbo iyoyo yekudhakwa, yemhirizhonga, yehunzenza, asi zvakadaro Hollywood inokunda izvozvo zvose.

⁷¹ Uye materevhizheni edu ese, zvese zviri paari hazvina kupepetwa, dzingori nyambo dzine tsvina, nehuori hwakaora, kungopinda mune zvose. Uye vanhu, dhiyahore... Taisambotendera kuendesa vana vedu ku—kumabhaisikopo makore akapfuura, isu maPentekosti ekutanga, asi zvino dhiyahore akaverevedza imwe ndokuiisa mumba medu chaimo. Maona? Saka akabva angounza bhaisikopo mumba chaimo.

⁷² Zvino, uye chi—chinhu chaicho chi—chinotyisa ku—kufunga kuti nyika yapinda muhuwori uhwu, nokuti matakanana ose, munoono, zvino akangoyangarara achipinda nenzira iyi, achiuya nebudiriro yehungwaru.

⁷³ Asi nguva dzose...Ndichaparidza rimwe remazuva ano, Ishe vachitendera, mumazuva mashoma, pamusoro pekuti *Kuverenga Nenhendashure*. Munoziva, ndi—ndinovimba kuti muri kutevera gwara, uye saka ti—tinongoona ikoko zviri kutora nzvimbo. Mwari vakakwanisa kuita chimwe chinhu neChechi yaVo, zvakare, nguva dzose, munoono, zvinhu izvi pazviri kuitika. Uye zvino tave panguva yekupedzisira, Ishe ngavavongwe!

⁷⁴ Zera rega-rega rakava nemharidzo yaro uye nemutumwa. Mwari vakatoona nezvazvo. Rese...Kunyangwe mumazera ekereke, tinoona kuti rimwe nerimwe raive nemutumwa, uye mumwe nomumwe akararama zera rake; uye rimwe rikapinda, uye iroro rikapera; uye rimwe rikapinda; zvichidzika kusvika kuzera rekereke rechinomwe; nyeredzi imwe neimwe, mutumwa mumwe nomumwe wekereke, mutumwa mumwe nomumwe.

⁷⁵ Uye tinoona kuti, pazera rekereke yekupedzisira, umo muna Zvakazarurwa 10, panofanira kuva nekurira kwehwamanda, uye kwakava nemanzwi manomwe akataurwa...Havana kutenderwa kunyora. Asi zvakanga zvakanamwa kuseri kweBhuku, zvisimbiso zvinomwe zvaive kuseri kweBhuku. Mushure mekunge Bhuku ranyorwa, Rinobva ranamwa kuseri uko nezvisimbiso zvinomwe. Zvino, hapana anoziva kuti izvo zvii. Asi Rakati, “Mumazuva emutumwa wechinomwe achiridza Mharidzo yake,” uyu mutumwa *wepanyika*, zvino.

⁷⁶ Nokuti Mutumwa *uyu* akaburuka kubva Kudenga; uye *uyu* aiva panyika; *ngirozi* “mutumwa,” mutumwa wezera.

⁷⁷ Uye zvakare tinocherechedza kuti Akaisa raKe...akanga ane muraraangu pamusoro pemusoro waKe uye akasimudza ruoko rwaKe ndokupika naiYe anorarama nokusingaperi-peri, kuti nguva haichazovapo (pakataura manzwi manomwe aya, mitinhiro minomwe yakareva manzwi ayo). Zvino Akavaudza

kuti, “Musanyore, asi Zvipfigei.” Uye takaona kuti zvaive kuseri kweBhuku.

⁷⁸ “Asi mutumwa wechinomwe paainge apedza Mharidzo yake, kuporofita kwake kwezuva, zvino chakavanzika chaMwari chichange chapedziswa,” munhu wose anoziva kuti Bhaibheri rinotaura izvozvo. “Chakavanzika chaMwari, izvo zviri Mwari, kuti Mwari ndiAni, uye nezvose zvenzira inoenda murubhabhatidzo nezvimwe, izvozvo zvinofanira kugadziriswa zvose nezva iroro.”

⁷⁹ Mutumwa wega-wega akave nemharidzo yake, zvino mha—mharidzo nemutumwa wezera. Uye zvinonyanya kushamisa kuti mutumwa wega-wega... Takatoona mumazera ekereke (uye manheru ano tichadzokera muTestamende Yekare toona kuti zvimwe chetezvo) kuti Mwari vanotuma mutumwa wezera iroro pakuguma kwenguva yacho; nguva dzose kwekupedzisira, kwete kwekutanga. Kwekupedzisira!

⁸⁰ Zvino, zera raLuther rave kunopera, Wesley akabva apinda. Zvino kucheneswa kwaWesley kwave kunopera, zera rePentekosti ndokupinda. Maona? Nguva dzose mutumwa anovhura mharidzo itsva kumagumo kweyekare. Izera rega-rega rakaitwa. Tinozviziva kuti ichokwadi.

⁸¹ Izvi zvinodzokororwa nguva imwe neimwe muBhaibheri. Tinoona kuti muMagwaro anoyera, nzira yose, kuti pakungopera kwezera rekare uyezve idzva racho richinopinda, zera iroro rinopera uye zera idzva rinopinda, Mwari votumira mutumwa wacho.

⁸² Uye senguva dzose—nguva dzose, pese panouya mutumwa, kunenge kuri kudanira kuti vanhu vadzokere kuShoko, hazvimbokundikana. Rangarirai, iRi ndiro chizaruro chakakwana chaJesu Kristu, hapana chingawedzerwa kwaRiri kana kubviswa kwaRiri. Ndiro chizaruro chakakwana chaJesu Kristu. Uye nzira chete yatinogona kuve nechokwadi nazvo: kana chimwe chinhu chikasimuka pakati pedu chinopesana nechizaruro ichi, zvino chakatsveyama. Maona? “Kwakuka uchidzokera kuShoko!” Uye nguva dzose kudanira vanhu kuti vadzokere.

⁸³ Uye muchiitiko chese muMagwaro, chiitiko chose, Mwari vanoshandisa muporofita kudana zera iroro kuti ridzokere, nguva dzose. Hapana pemb-... Kwete, hapana kana nguva imwe chete yekukundikana, Vanogara vachitumira mu—muporofita! Uye zvino sei Vachiita izvozvo? Imhaka yekuti Bhaibheri rinoti, “Muporofita ndiye anovingwa neShoko raMwari,” muzaruri weShoko.

⁸⁴ Zvino, ndi—ndi—ndinovimba kuti handisi kutadza kunzwiswa. Maona? Handireveri kusanzwiswa, asi ndinoreva kutendeseka uye ndakatendeka pakudanwa. Tinoda kuva vakadaro.

⁸⁵ Zvino, Mwari vanogara vachishandisa mu—muporofita, munhu. Kana ukashandisa boka revanhu, unowana mifungo yakasiyana-siyana; munoona, munhu wega-wega, vanhu 2. HaVana kumbobvira vakava nevaporofita 2 vakuru panyika panguva imwe chete. Vanotora mumwe, kuitira kuti mumwe azotora nzvimbo yake kuitira rimwe zuva, imwe mharidzo. Havafe vakava ne 2, Vanova ne 1 panguva yega-yega.

⁸⁶ Uye Mwari vasingagume havashandure hurongwa hwaVo, Vanofanirwa kugara nezvaVakatanga nazvo. Ndicho chikonzero tichigona kuva neruvimbo mune zvaVanotaura, haVakwanise kushanduka. Kana Vakaponesa munhu pahwaro hwekutenda kwake muna Mwari, muna anotevera wacho anofanira kuponeswa nenzira imwe cheteyo.

⁸⁷ Mwari pavakagadzira nzvimbo yaVaigona kuyanana nechisikwa chaVo, Adhamu akayedza kugadzira nzira ega, ndokuzvigadzirira mashizha emuonde iye nemudzimai wake, kugadzira maapuroni. Mwari vakazviramba. Zvino Mwari vakasarudza hurongwa kana hwaro hwaVaizosangana nemunhu nekuyanana naye, zvino ndiro raive ropa rakadeurwa. Uye haVana kumbozvishandura.

⁸⁸ Zvino, semuMethodisti kumuBaptisti, tinokwanisa kukwazisana mawoko. Asi pahwaro pakuti muMethodisti nemuBaptisti hatina zvinhu zvine hukama, ini ndiri kudhonzera kudivi reBaptisti uye iwe uri kudhonzera kudivi reMethodisti, kana rimwe divi racho. Asi pane hwaro humwe chete apo vatendi vose vanogona kusangana, ndipo pasi peRopa rakadeurwa. Ndipo patinosangana tichisiya padivi zvinhu zvose izvi. Saka tese hatigone kuuya musangano rimwe chete, hatigone kudaro.

⁸⁹ Masangano madiki aya, ndinofunga kuti Mwari vanga vari maari, chinhu chacho chose. Asi vanhu...nekuti takasiyana. Munhu wese anoona zvakasiyana, munhu wega-wega anoona zvakasiyana, hapana pfungwa 2 dzakanyatsofanana chaizvo. Hakuna vanhu 2 vakanyatsofanana chaizvo, vanotaura kudaro; hapana mhino 2, hapana zvidhindo zvezviginwe 2. Munoona, takagadzirwa zvakasiyana, nenzira iyoyo tinofanira kuva nemapoka akasiyana.

⁹⁰ Asi Mwari vanogara vachishanda nemunhu mumwe. Havakuponese nokuti uri muMethodisti; haVakuponese nokuti uri muBaptisti; haVakuponese nokuti uri muPentekosti. Vanokuponesa nokuti Vakashanda newe pachako! Uye unoponeswa pahwaro ihwohwo, hwekuti wakazvigamuchira. Saka naizvozvo, Mwari, kuti vashande newe, haVashande newe muhurongwa hwekereke yaVo, Vanoshanda newe sedungamunhu.

⁹¹ Naizvozvo Mwari pavakatuma vaporofita vaVo, vatumwa vaVo veTestamende, Vakataura kumunhu 1, uye munhu iyeye aitofanira kuunza Mharidzo. Vamwe vakaenda vachibva

kwaari, kwese-kwese, vachiunza Mharidzo imwe cheteyo. Asi paifanira kuva nemuzinda mukuru 1. Mwari vakagara vainawo. Ndinotenda kuti Vanawo manheru ano; Ndiwo Mweya Mutsvene, honguka, tose tinoziva. Zvino, kwete rimwe boka, asi Mweya Mutsvene ndiwo Muzinda WaMwari. Ndiye Mutumwa waMwari wenguva.

⁹² Zvino, nokuti ndiko, kumuporofita uko Shoko rinouya nguva dzose, kana vari muporofita wechokwadi weShoko, Mwari vanosimbisa Shoko raVo nemuporofita iyeye.

⁹³ Zvino, kwakava nevaporofita venhema vazhinji, takava navo nemumazera ose. Tinodzokera kuTestamende Yakare, tichivaona vachisimuka vachitaura muZita raShe, uye zvaive zviri—zvisiri izvo. Mwari havangave nechii zvacho chekuita nazvo. Havambofa vakasimbisa chero chii zvacho kunze kweShoko raVo iVo. Zvisinei, haVaizofambisa basa raVo saizvozvo. Maona?

⁹⁴ Chingorangarirai, Mwari vanosimbisa Shoko raVo chete! Uye muporofita wechokwadi chete ndiye... Uye nzira yoga yaunokwanisa kuziva kuti ndwechokwadi here kana kuti kwete, kubudikidza neShoko. Ndiyo nzira yekumuyera nayo.

⁹⁵ Zvino kana mukacherechedza, sezvakaita mumazuva apo—apo Mikaya, pakasimuka 400 vaporofita vechiHebheru, pamberi paAhabhu naJehoshafati, ndokuti, “ZVANZI NAJEHOVHA, ‘Endai zvenyu munobudirira.’” Panyaya yacho chaipo vakanga vari raiti. Zvino Mikaya akazodaidzwa panzvimbo, uyo wavakanga vakavenga vose. Zvino, zvaiita sekunge kana... 400 (Ini—ini handirevi vaporofita vaBhaari) Vaporofita vechiHebheru vakasimuka muhumwe, ndokuti, “Endai kuRamoti-giriyadhi, Jehovha vachakuropafadzai uye muchabudirira.” Uye varume ivavo vakanga vasiri vanyengeri, zvirokwazvo vainge vakafemerwa! Asi zvavo... .

⁹⁶ Zvino ko muchinda mudiki uyu aigopinda sei ane zita rekuti—rekuti Mikaya, uyo aiva mwanakomana waImura, uye odzoka oporofita zvinopesana navo? Zvino, izvozvo zvakatorera hushingi, zvakatorera kugutsikana mumoyo. Maona? Asi akaziva sei kuti anga ari raiti? Dai iwe wainge wakamira ipapo, waizozviza sei? Nzira chete yaungaita, kutora zvinotaurwa nemurume uyu wozvienzanisa neShoko. Maona? Zvino, Mikaya akanga ari paShoko chaipo, nokuti Eria, muporofita mukuru uya aiva ane Shoko raShe, anga atatuka Ahabhu naJezebheri nevamwe vose. Maona? Uye Mwari vaizotendeuka sei kuti varopafadze zvakanga zvine chituko? Munoono, saka hazvaigona kushanda.

⁹⁷ Zvino, tinoona kuti Mwari vanosimbisa Shoko raVo. Shoko remuporofita, kana ari muporofita, saka zviri... ari kutaura maererano neShoko. Bhaibheri rakati pane imwe nzvimbo, rakati, “Kana vasingatauri maringe nemurawo nevaporofita, hamuna Chiedza mavari.” Obva odana... Zvino mutumwa uyu

anodana vaCho vakadanirwa kunze. Ari paShoko raMwari chaipo, zvoratidza kuti ari raiti.

Cherechedzai, cherechedzai, zvino tichadana vanhu vashoma zvino teererai.

⁹⁸ Noa aive chapupu chaMwari chenguva yekupedzisira yekuparadzwa nemafashamu. Zvino, tarisai kuti mharidzo yake yaipesana sei nyenika yose yekuparadzwa nemafashamu. Handiti, murume uyu aionekwa semunhu anopenga. Handiti, yake...Asi, zvakadaro, aiva neShoko raShe chairo. Zvino, Mwari vakanga vataura kuti iVo “vaisakwanisa kutendera chivi,” saka iVo...vanhu pavakatanga kutadza, Mwari vakabva vaburuka uye Noa akaparidza mharidzo yenguva yekupedzisira. Yaiva rinhi? Nguva yekupedzisira yave pedyo nokusvika, mutumwa uyu akasimuka. Mwari vakatuma muporofita uyu neshoko renguva yekupedzisira. Zvino akasekwa, akanyombwa, akaitwa jee naye, uye kuponeswa kweveimba yake chete ndivo vaakaponesa. Ndizvozvo chaizvo. Hapana aizomotenda. Asi aiva nemharidzo yenguva yekupedzisira. Zvino, vose vakanga vasingatendi vakapomerwa mhosva, uye avo vakatenda mharidzo ndivo vakaponesa. Mwari vakavapa Hupenyu uye vakaponesa, uye avo vasina kuItenda vakarasika.

⁹⁹ Zvino, ndiri kufananidzira chimwe chinhu. Cherechedzai Mwari, maitiro aVakaita izvi ka 3.

¹⁰⁰ Zvino 3 inhamba yakakwana yaMwari. Mwari vanokwaniswa muhutatu, sekuti, “Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene,” uye “kururamiswa, kucheneswa, rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene.” Vanokwaniswa, nokuti 3 *ndiko* “kukwaniswa” kwaVo. 5 *ndiyo* nhamba ye “nyasha.” 7 *ndiyo*...Nhamba ye “kunamata,” 12. 40 *ndiyo* nhamba ye—ye “kutambudzwa.” Uye 50 i “jubheri,” kunamata. “Pentekosti” zvinoreva kuti 50. Uye, mazuva 40 Mosesi akayedzwa, mazuva 40 Kristu akayedzwa, munoono. Uye ose iwayo anofananidzira. Zvino, Mwari vanokwaniswa muhutatu.

¹⁰¹ Kune kuparadzwa kutatu. Kumwe kwacho, Noa paakapinda *muareka*; kwechipiri, Roti *akabuda* mu—muSodhoma. Tarisai, Jesu akataura nezvako, “Sezvazvakanga zvakaita mumazuva aNoa nemumazuva aRoti, ndizvo zvazvichava pakuuya kweMwanakomana wemunhu.” Tarirai! Mumwe akapinda *mukati*, mumwe wacho akabuda *kunze*, uye anotevera anokwira *kumusoro*. Uh-huh. Maona? Uh-huh. Anopinda *mukati*, anobuda *kunze*, anokwira *kumusoro*! Zvino, ndiwo hurongwa hwaShe. Munoono, Jesu akataura nezvavo vaprofito 2 ivavo. “Sezvazvakanga zviri mumazuva aNoa,” munoono, “uye sezvazvakanga zviri mumazuva aRoti,” Abrahama ari muporofita, “sezvazvaiva, ndizvo zvazvichava pakuuya kweMwanakomana wemunhu.” Munoono, achitaura nezvawo kwavari.

¹⁰² Zvino, Mosesi, mumwe muporofita, pakupera kwezera reEgipita. Tinoona kuti Mwari pavakanga vari kuzodzikinura vanhu vaVo, uye vaEgipita vakanga vavatambudza zvakashata kwazvo, uye vakagadza vashandisi pamusoro pavo, vanatenzi pamusoro pavo, waro. Uye saka zvino vave kuda kuparadzwa, Mwari, senguva dzose, Vakatumira muporofita aine Shoko raShe. Rangarirai, muporofita ainyatsozivisa izvo Mwari (mazana emakore izvi zvisati zvaitika, makore 400 neanorudzira izvi zvisati zvaitika) vakanga vavimbisa Abrahama, kuti mbeu yake yaizogara munyika yevatorwa, asi Vaizovabuditsa noruoko rwune simba. Munoziva, pagwenzi raipfuta apo Mosesi akasangana naMwari, uye Vakati kwaari, “Ndanzwa kugomera kwevanhu vaNgu, Ndaona kutambudzika kwavo, uye Ndarangarira sungano yaNgu.” Kurangarira Shoko raVo!

¹⁰³ Rangarirai, Vachiri kurangarira Shoko raVo! Maona? Havakundikane, Vanofanira kuita zvimwe chetezvo nguva dzose. Chikonzero chandiri kutaurira zvinhu izvi, kuti tigone kuzvidzorera mundangariro dzenyu uye mofunga. Kunyange imi vanhu vanga vachirwara; macherechedza kuti ndati “vanga” vachirwara.

¹⁰⁴ Zvino, cherechedzai zvino, imi vanhu mose munofanira kurangarira izvi, kuti Mwari havagone kushanduka! NdiMwari vasingashanduki. Nguva dzinoshanduka, vanhu vanoshanduka. Mwari havana magumo, haVagoni kushanduka! Yavo... Vanofanira kuramba vari mumwe chete, zuro, nhasi, nokusingaperi, Vanofanira kugara vari saizvozvo. Uye kana tichitenda iRi kuti iShoko raMwari, tinogona kuisa ruvimbo rwedu pane chose chaVakataura. Maona?

¹⁰⁵ Zvino, onai apo kuti mharidzo yaVo inouya sei, kuti Vanotumira sei mharidzo yaVo. Havagone kuzvishandura, Vagara vachizviita. Vanofanira kugara vari vamwe chete. Ndiyo nzira yaVachazviita nayo nguva dzose. Zvino, rangarirai, Vanozviita riinhi? Kuparadzwa kwatongova pedyo, pakuguma kwezera. Ndipo paVanotumira mharidzo yaVo yekudanira vanhu vaVo kunze, (vanogara vachivavhiringa-vhiringa), zvino hevanoi vachiuya.

¹⁰⁶ Zvino, mumazuva aMosesi, vatendi vakaponeswa, vasingatendi vakaparara.

¹⁰⁷ Uyo akatenda mharidzo yaMosesi yakabva kuna Mwari, zvino, havaigona kunge vakazviita kunze kwekunge Mosesi anga akasimbiswa naMwari uye achiratidza kuti Shoko raMwari rakanga rinaye. Izvozvo zvakamuita muporofita. Akabuda kunze ikoko ndokuti, “Mangwana, panguva sedzino, muchaona *zvakati-nezvakati* zvichiitika.” Mangwana acho, *zvaka*itika. Ndizvo zvoga. Muporofita upi zvake wechokwadi waMwari anotaura muZita raShe anozviita. “Uye zvichaitika kuti *zvakati-*

nezvakati zvichaitika. Ndiri kuenda kuna Farao, asi achomesa, achava nemoyo mukukutu. Achatu achatirega tichienda asi haasi kuzozviita.” Zvino, zvakaitika. Maona? Sei? Zvino vanhu vakabva vaziva kuti murume uyu akanga atumwa kubva kuna Mwari. Zvino vakabva vatanga kuona kuti Mwari vakamuropafadza, uye vakamukudza uye, pavakadaro, zvinhu zvikuru zvakaitika.

¹⁰⁸ Zvino vanhu vakaseka uye vakaita jee uye vakaramba kugamuchira mharidzo yake, vakaparara pamwe chete nevamwe vose vasingatendi.

¹⁰⁹ Asi vatendi vakabuda vakapinda munyika yechipikirwa, vakaenda vari pasi pemharidzo yakazodzwa yemutumwa. Yakanga riri mharidzo yerudzikinuro, iyo Mwari vakavimbisa kuti Vaizounza vanhu vaVo kunyika inoyerera nemukaka nehuchi. Zvino zvakaitika, nokuti Mwari vakanga vatotaura kudaro, uye Mosesi akauya uye ainge akasimbiswa semutumwa wezuva iroro.

Zvino, zvinonyatsozvijekesa kwatiri.

¹¹⁰ Zvakanaka, zvino tinobva tazona kuti Mosesi akaziviswa nemazvo.

¹¹¹ Zvino pakushanduka kwezera, nguva yakasvika yekuti . . . pakati pemurawo nyenyasha. Paifanira kusvika nguva yekuti Mesia akataurwa uyu aizouya. Tinoona kuti nguva iyo vanhu vakanga vamonyorora murawo, vakauisa wose pasi peboka guru rechimwe chinhu, uye vakava nemhando dzose dze—dzetsika dzevanhu, dzavakanga vapfekedzera mauri. Pakushanduka kwenguva kwakazouya Jesu, mumwe Muporofita, Mwari-Muporofita.

Zvino, unoti, “Akanga asiri muporofita.”

¹¹² Bhaibheri rakati Aiva. “Jehovha Mwari wenyu achakumutsirai Muporofita akafanana neni.” Akanga ari Mwari-Muporofita, pakushanduka kwenguva pakati pemurawo nyenyasha, vaVakanga vataura nezvazo kwemakore ose aya. Mushure mokunge Vapa murawo kuna Mosesi, zvino pakushanduka kwenguva, paVakati zvaizoitwa, Vakabva vadzoka kunyasha. Zvino Vakatumwa Muporofita achiporofita nezvenguva iyoyo. Zvino—zvino, vatendi, Akavaunganidza; vasingatendi vakaparara muzuva raKe. Vose vakatenda kwaAri vakaponeswa; vose vasina kutenda mharidzo yaKe vakarasika.

¹¹³ Ndizvo chaizvo zvakaitika mumazuva aNoa; ndizvo zvakaitika mumazuva aRoti; ndizvo zvakaitika mune mamwewo mazuva, mazuva aMosesi; ndizvo zvakaitika mumazuva aJesu Kristu. Nokuti vakazvidza mharidzo zvino vakaparara, uye vaya vakatenda mharidzo vakarasika . . . kana kuti vakaponeswa.

¹¹⁴ Zvino, zvino, ndokuzouya mwaka wechechi. Takararama kare munguva yaNoa, nguva yekuparadzwa nemafashamu;

takapinda mumwaka wemurawo; tevere mumwaka wenyasha, chechi. Uye zvino mwaka wechechi uri kupera. Tose tinozviziva izvozvo.

¹¹⁵ Zvino, kana Mwari vakaita *zvakati-nezvakati* mumwaka iwoyo, mumwaka mimwe 2 iyoyo, Vanofanira kuramba vari vamwe chete uye voita zvimwe chete mumwaka uno, nokuti Vakati Vaizozviita. Ndichazviratidza mumaminetsi mashoma, neShoko, kuti Vakataura kuti Vaizozviita. Zvino, haVakwanise kushandura hurongwa hwaVo, iVo ndiMwari. Cherechedzai zvaVakaita mumwaka iyoyo.

¹¹⁶ Zvino tasvika kunguva yekupedzisira yemwaka wekereke. Ndizvo zvandaverenga manheru ano:

Kuchava neChiedza panguva yemanheru.

¹¹⁷ Takava nenguva isina kujeka yakawanda, asi kuchazouya Chiedza. Iye Mwanakomana mumwe chete akauya akashandura mwaka panguva iyoyo, anouya zvakare! Kuchava kubva panyika kuenda muKubwinya. Tichapinda mazviri. Imwe nguva takapinda *mukati*, pane imwe nguva takabuda *kunze*, zvino panguva ino tiri kukwira *kumusoro*! Maona? Zvakanaka: mukati, kunze, kumusoro. Tave kusvika kunguva yekupedzisira. Uye hatisi kungouya chete, tatosvika kare. Tiri munguva yekupedzisira!

¹¹⁸ Mwari vanowanei munguva ino yokupedzisira? Mwari vanowana munguva ino yekupedzisira chaizvoizvo zvaVakawana mune dzimwe nguva dzekupedzisira, kusatenda! Vagara vakangodaro kuti, iVo, paVanouya, Va—Vanowana kusatenda. Vanowana kuti hurongwa hwaVakaisa kuvanhu. . .

¹¹⁹ Kareko munguva yaNoa, kana dai vakararama maringe nemirawo yaVo, vakapirisa zvipiriso. . .Vakabva pazviri. PaVakauya, Vakawana ichi, chinhu ichocho chichishanda zvisiri izvo.

¹²⁰ Zvimwe chete zvaVakaita paVakauya panyika, Vakawana vanhu nevaFarise, nevamwe vakadaro, vachitevera murawo. Vakanga vachiitei? Pasina kana kuperera mazviri zvachose, vachingoenderera mberi nekuzviteura nechero nzira ipi zvayo yekare, uye “Chero bedzi vakangojoinha chechi, zvino ndizvo zvoga zvavaida.” Uye ndizvo zvaVakawana.

¹²¹ Uye ndizvo zvaVakawana zvakare! Vanowana zvimwe chetezvo, vanhu havashanduki. Saka kana Vakatumira hurongwa hwaVo uye vanhu vakasahutenda ipapo zvino ndokuparara, vakazvitenda ndokurarama, (zvino, pane 2 izvozvo), zvinofanira kuva zvimwe chete panguva ino. Zvinofanira kuva zvimwe chete. Kwete. . .

¹²² Yagara iri hondo kuti mutumwa apatsanure chekare kubva kune chitsva. Yagara iri hondo iyoyo, ye—yemutumwa achiuya kuzopatsanura chekare kubva kune chitsva, kunyange zvazvo

nguva dzose mharidzo yacho ichifanirwa kuva muMagwaro, zvino, nokuti mumwe nomumwe akafanotaura nezvemumwe aizouya.

¹²³ Zvino, ngatitorei, semuenzaniso, Jesu. Zvainge zvakaoma sei, iYe kuti auye kuzoshandura mharidzo kubva kumurawo kuenda kunyasha. Zvisinei iro Bhaibheri rakati zvaizouya nenzira iyoyo, “Kwaizouya me—Mesiya, uye chibayiro chemazuva ese chaizobviswa.” Uye tinoziva kuti zvakaporofitwa kubudikidza nevaporofita. Chaiva chinhu chikuru kwazvo kwaAri kuti aite izvozvo. Asi tinoona kuti Akazviita. Zvino uyo wacho...Akazviita nokuti Rugwaro rwakati, uye vatendi vezuva iroro (vaingonziwo vatendi) zvirokwarzvo vaisabvumirana naYe.

¹²⁴ Tarisai vaFarise vaye, vaSadhuse, vaiva netsika dzavo pachavo uye hapana aizovazunguza kubva padziri. Ndizvo zvavaitenda, amai vavo vaitenda izvozvo, baba vavo vaitenda izvozvo, uye sekuru vavo, ambuya vaitenda izvozvo, uye “Mosesi akataura kudaro!” Asi Mosesi mumwe chete akapa murawo ndiye Mosesi mumwe cheteyo akati Muchinda uyu aizouya, uye vakatadza kuzvicherechedza nokuti vakanga vane Shoko raMwari rechokwadi mutsika uye vakanga vasiya iwo musimbote waRo. Uye zvaifanira kuva saizvozvo.

¹²⁵ Cherechedzai, mumwe nomumwe akafanotaura kuti mumwe aizouya. Mumwe nemumwe wevatumwa, mushure memharidzo, akafanotaura kuti aizouya. Zvino, asi vanhu vanogara vachitora mharidzo yezuva ravakambova naro, vochiimisa.

¹²⁶ Regai tizvitsanangure, zvishoma kuti zvinyatsonzwisika, ngatitarisei kuna Luther. Luther paakaparidza kururamiswa nokutenda, akanga ari mutumwa, mutumwa wezera iroro rechechi, zvakanaka, weZera reChechi yeSardhisi. Zvino, cherechedzai, paakaparidza, akaisa maLutherani muhurongwa. Zvino, saka, hoyo Luther ndokuenda achiparadzira. Zvino Wesley paakauya, Zera reChechi yeFiradherfia, nemharidzo yekucheneswa, handiti, zvakanga zvakaomera Luther kuti azvione. MaLutherani havana kugona kuvaitenda.

¹²⁷ Ndokubva Wesley avaita kuti vose vagare pakuva vePilgrim Holiness neFree Methodisti, nevamwe vakadaro, pakucheneswa, zvino ndokuzouya mharidzo yePentekosti, handiti, zvanga zvakaomera maMethodisti kuti vaitende. Uh-huh, chokwadi, zvaiva. Munoono, ndiyo...

¹²⁸ Asi hazvo mumwe anotaura nezvemumwe, tichitaura muMagwaro. Enoki akataura nezvekuparadzwa kwaiuya, nekubvutwa kwake, Mwari vachimutora kuenda kumusha; akanga ari chapupu. Abrahamu akavaudza nezvaMosesi. Uye Mosesi akataura nezvaMesiya. Munoono, vanoramba vachitaura, mumwe nezvemumwe. Mesiya akataura nezvenguva ino, achitaura kuti ino yaizovei!

Unoti, “Ah, Hama Branham!”

¹²⁹ Oo, hongu, Akazviita! Ngatingo...Ndine Magwaro akawanda akanyorwa pano, uye ndichangotaura nezve 2 kana 3 awo. Ngatitorei Mateo 24. Zvino ngatitorei Mateo, chitsauko 24, uye toverenga zvaAkataura ipapo kuti zvaizoitika, kuti “Marudzi aizomukira rudzi.” Asi, rangarirai, zvino Anosvika ipapo iYe oti, “Sezvazvaiva mumazuva aNoa, uye sezvazvaiva mumazuva aRoti, ndizvo zvazvichava pakuuya kweMwanakomana womunhu.” Akafanozvitaure, Akafanozvizivisa kuti zvinhu izvi zvaizoitika!

¹³⁰ Akati, “Zvino, zvese izvi pazvaiitika, nguva haisati yasvika,” zvichingodaro. Asi akati, “Dzidzai mufananidzo womuonde, kana uri munyoro uye uchibuditsa matavi, nemimwe miti yose, ipapo chibvai maziva kuti zhizha rava pedyo. Saizvozvowo, pamunoona izvi zvichiitika, zivai kuti nguva yava pedyo, kunyange pamukova chaipo.” Zvino, pamunoona chii? Muonde uchitungira, nemimwe miti yose ichitanga kutungira, chaiva chiratidzo. Zvino Israeri yagara iri iyo muonde.

¹³¹ Joeri akatoporofita nezvazvo, “Zvakasiwa nemuteteni, zvakadyiwa nemupedzachose ndokupedza chinhu chacho. Asi Mwari vakavimbisa, ‘Ndichadzoreredza, ndizvo zvinotaura Jehovha.’” Uye Vachazviita. Asi Vasati vadzoreredza izvozvwo muchimiro chazvo chemweya, Kereke yeMarudzi inofanira kubviswa. Havazove nadzo dziri 2 panguva imwe chete. Zvino, haugone kuita kuti Magwaro azvimonyorore saizvozvwo. Maona? Havana kumbova nezvapupu 2 panguva imwe chete, zvapupu zvikuru, uye haVana kumbova—haVana kumbo... Havana maChechi 2 panguva imwe chete.

¹³² Cherechedzai, izvo... Chechi yeMarudzi inofanira kutanga yabviswa, kuitira maJudha, tevere kuguma kwemavhiki 70 aDhanieri kunoitika. Makore 3 nehafu aye Mesiya akaporofita, zvino ndokubva Agurwa, Muchinda, pakati pevhiki rechi 70. Uye, zvakare, pane mavhiki 3 nehafu akasara. Uye tinoona vaporofita 2 vemuna Zvakazarurwa (Munoona, haVamboshanduri jasi raVo zvakare.), vemuna Zvakazarurwa 11, vanouya vachiporofita kumaJudha. Zvino, Chechi ichange yabviswa panguva iyoyo.

¹³³ Uye tinoona Israeri, kekutanga kwemazana akawanda emakore, anoda kudarika makore 2,000, zvino yava nyika; ine mauto ayo, mari yayo. Israeri yave munyika yayo; nyika yayo, mureza wayo, yave muUnited Nations. Inotova nyika! Handiti, ndicho chimwe chezviratidzo zvikurusa zvatingafunga nezvazvo, iko zvino, Israeri iri kumusha kwayo. Uye Jesu akati, “Chizvarwa ichi chinoona Israeri ichidzokera kumusha kwayo hachingapfuuri kusvikira zvose zvazadzikiswa.” Munoona, Akataura nezvezuva rino.

¹³⁴ Regai ndingopa rimwe. Muna Timotio weChipiri 3, Akataura nezvechechi panguva yekupedzisira, akati, “Vaizova nemisoro mikukutu, vanokarira zvepamusoro, vanoda mafaro kupfuura kuda kwavanoita Mwari.” Torai chechi pasi, rose, “vanoda mafaro kupfuura kuda kwavanoita Mwari,” vanogara kumba vachiona chironzwa chepaterevhizheni vasati vauya kumunamato weChitatu manheru.

Unoti, “Iyo iBaptisti.”

¹³⁵ Avo maPentekosti! Chokwadi! Hongu, changamire. Oo! “Vane misoro mikukutu, vanokarira zvepamusoro, vanoda mafaro”; ukaisa Shoko pachena kwavari, havamboRitarise. Uh-huh. “Vanoda mafaro kupfuura kuda kwavanoita Mwari”; ukaudza madzimai kuti havafanire kugera vhudzi ravo, vanongorigera zvakadaro. Uh-huh. “Vanoda mafaro kupfuura kuda kwavanoita Mwari, vaputsi vesungano, vapomeri venhema, vasingazvidzori, uye vanozvidza avo vakarurama. Vane . . .”

Unoti, “Ndeavo vasingatendi muna Mwari.” Kwete! Kwete!

¹³⁶ “Vane mufananidzo wehumwari, asi vachiramba Simba racho,” Simba rinogona kukudzikinura kubva, mumaitiro enyika ino anotambudza. “. . . Simba racho; kune vakadaro furatirai.” Hazvinei kuti vamwe vanhu vose vanoti kudii, ndiwe sedungamunhu pamberi paMwari, unozofanira kupindura. Hazvina mhosva kuti mukadzi uyu anoitei kana kuti mukadzi uyo anoitei, kana kuti, murume uyu anoitei kana kuti murume uyo anoitei, kana kuti, muparidzi uyu anoti kudii kana muparidzi uyo anoti kudii; ndiwe naMwari. “Vane chimiro,” kuita zvetsika, “asi vachiramba Simba racho; kune vakadaro furatirai.” Tiri kurarama muzuva iroro here? Chokwadi tiri!

¹³⁷ Tarisai zvakare muzera rekupedzisira rechechi. Mweya Mutsvene, Jesu pachaKe, “Ini Jesu ndakatuma mutumwa waNgu kuzopupura pamusoro pezvinhu izvi.” Uye Zvakazarurwa, chitsauko 3, ichitaura nezvezera rino rechechi, Jesu achipa huchapupu hwezvichaitika mumazuva ekupedzisira, Akati, “Chechi ichazova yakapfuma, Raodhikia, inoita seinodziya,” inongosvetuka-svetuka zvakakwana kana mumhanzi uchirira zvekungoti idanidzire. Maona? Ndizvozvo. Asi kuva nehuchapupu nehupenyu hunochenesa, iri kure nazvo.

¹³⁸ Handi . . . Handingakurwadzisei pasina, asi ndakava nechiratidzo nguva pfupi yapfuura chekuva muParadhiso yaMwari. Handina chimwe chandingagona kunze kwekukutaurirai Chokwadi. Mwari, tibatsirei isu vashumiri kuti tive vakatendeseka muzvinhu izvi uye titaure Chokwadi!

¹³⁹ Maona? “. . . ? . . . kutonhora . . .” Bhaibheri rakati vachava saizvozvo, saka vachava saizvozvo. Kana zvakanyatsoita zvakakwana naLuther, zvakanyatsoita zvakakwana na . . . muZera reFiradherfia naWesley, rinofanira kuzvita uye

zvinge zvakakwana...Rakazvitauro, uye zvichave saizvozvo muRaodhikia.

¹⁴⁰ “Vapfumi, vasina chavanoshaiwa!” Tinogona kuisa mabhiri yoni emadhora muzvivakwa, tinogona kuisa zvese izvo zvese—izvo zvese... mafaro enyika, tinokwanisa kuvaka machechi akanakisisa acho. Zvakanaka, hapana, zvakanakisa chaizvo.

¹⁴¹ Asi ndiri kuyedza kuti, zvino kana Mharidzo yotanga kufamba napamusoro pavo, havakudi. “Uri mupengo! Uri mupengereki! Waifanirwa kunge wakararama makore 50 akapfuura.” Maona? Oo, unogona kufunga kuti, “Handingave nezvakadaro semufundisi.” Mufundisi wako, zvisinei! Jezebheri haaimbobvuma kuti Eria akanga ari mufundisi wake, asi chokwadi akanga ari. Zvirokwazvo aiva. Akatumwa, muenzaniso, mutumwa kurudzi rweIsraeri. Uye nhasi Mweya Mutsvene unokosha uye neShoko raMwari ndiye Mutumwa kucheche, kuzovotwasanudza nokuvadzorera kuShoko. Taura nezvaRo, asi munona hakuna kana munhu anotsukunyuka. Uh-huh, munoona, tinovhiringidza zvinhu izvozvo zvakananyanya.

¹⁴² Ndakanzwa mumwe munhu, semuchapupu, achiti, “Musimudzirei mudenga, munoMusimudza mudenga sei?” Uye, oo, kungatora zvitevedzwa zvidiki! Mumwe munhu akati, “Rinda unamate, zvinoreva kuti siya ziso 1 rakavhurika paunonamata, wotarisa nerimwe racho. ‘Rinda unamate.’” (Handiti, *rinda* zvinoreva kuti “tarisira kuuya kwaShe,” wonge wakanamata.) Munoona, kungoshandura nyaya yacho chete.

¹⁴³ Naizvozvo, mune izvozvo, tinoitei? Tinogadzira katsika kedu tega (uye zvakare kana...) zvisinei kuti kakagadzirwa naMwari here kana kuti kwete. Uye tinobuda, chinhu chekutanga munoziva, tine boka diki rinotitevera, uye tichivabvisa kubva kumutumbi mukuru wechechi. Ndizvozvo. Pane kuti tipinde tonamata nekugadzirisa nyaya yacho, uye torega mutumbi uchifambira mberi, tinoita zvinhu izvozvo zvisinei nekuti zvakaumbwa here kana kuti kwete. Kana uine Chokwadi, saka gara neChokwadi. Ndizvozvo chaizvo. Asi ngachive Chokwadi cheBhaibheri kutanga! Cherechedzai, ne... zera rino reRaodhikia.

¹⁴⁴ Uye vaporofita, uh, Mweya Mutsvene uchitaura kubudikidza naPauro, waive iwo Mesiya. Akanga asiri Pauro, akanga ari Kristu! “Mwari, munguva dzekare nenzira zhinji vakataura kumadzibaba kubudikidza nevaporofita, muzuva rino rekupedzisira naJesu Kristu,” VaHebheru 1, cherechedzai, Mweya Mutsvene, Kristu, Vhangeri rakazororera pana Kristu, Shoko rakazororera pana Kristu. Uye kana Rakazororera pana Kristu, uye rakasimbi...Mwari vachaRisimbisa kuva Chokwadi.

¹⁴⁵ Ndicho chikonzero imi vanhu vePentekosti muchigamuchira Mweya Mutsvene mukutenda kweMethod-...pamberi pekucheneswa kweMethodisti, nokuti makanga muri paShoko chaipo.

¹⁴⁶ Ndicho chikonzero imi Methodisti makacheneswa apo maLutherani aisatenda mazviri, mainge muri paShoko.

¹⁴⁷ Ndiko kuponeswa kwamakaitwa imi maLutherani, kururamiswa, nokuti mutumwa wenyu akaparidza kururamiswa, ndokupikisa chechi yeKatorike iyo yakanga iri yenhema kudarika dzese. Vaingotenda mune zvechechi; makadzokera kuBhaibheri, uye mukatora chokwadi cheBhaibheri ichocho ndokubatirira kwachiri.

¹⁴⁸ Zvino ndokuzouya Wesley nechimwe chokwadi, ndokubatirira pachiri; kukachizouya Pentekosti nechimwe chokwadi, ndokubatirira pachiri; zvino kana muchigona kubatirira kune izvozvo moona kuti ndizvo, ko madini kuzatora zvose zvakaraidzwa pachena kuva chokwadi? Zvitendei zvose!

¹⁴⁹ Zvino, kana patinoona vatumwa ava, tinoziva. Tinoona Kristu, Mwari-Muporofita mukuru vachifanotaura zvinhu izvi kuti zvichaitika mumazuva ekupedzisira. Zviri kuitei? Kuzivisa nguva yechirimwa. Zviri kuzivisa nguva ichakohwewa chirimwa, zvichazovapo mumazuva ekupedzisira. Mazviona here?

¹⁵⁰ Zvino, zvinhu izvi zvichange zviri mumazuva ekupedzisira. Tinoziva mhando yechirimwa chatiri kutsvaga. Tiri kutsvaga chechi yaimbova neChiedza, ikazofuratira kwaChiri, yakaenda kune zvinonakidza zvenyika, zvese zvakakwenenzverwa (ndizvo here?), ichibva, ichitora chero mhando yenhengo, uye nechero chinhu, nekuitumidza kuti maPentekosti, vobhabhatidza chero chinhu.

¹⁵¹ Mvura haiponese munhu. Zvinotora Ropa raJesu Kristu. Hakuna Hupenyu mumvura. Hupenyu hunouya muchizenga cheRopa; zvinotora kucheneswa kuchenesa hupenyu ihwohwo, kuuraya chishuwo chechivi; zvino Mweya Mutsvene unouya mumidziyo iyoyo yakachena woiisa parutivi mubasa, mushumiro. Artari yakachenesa mudziyo, asi...kuzadzwa kwawo ndiko kwakauisa pabasa. Wakaiswa parutivi *kuti* ushandiswe, zvino unofanira kuti ushandiswe. Zvino Mweya Mutsvene unoisa chechi pabasa. Ndaisifarira karwiyo kadiki kaya:

Vainge vakaungana mukamuri yepamusoro,
Vose vachinamata muZita raKe,
Vakabhabhatidzwa neMweya Mutsvene,
Zvino simba rokushumira ndokuuya;

Hongu. Uye kumwe kwacho rwunoti:

ZvaAkavaitira pazuva iroro

Anogona kukuitirawo zvimwe chetezvo.
(Chokwadi.)

¹⁵² Chirimwa; vaporofita; tamira ipapo pana Kristu. Zvino tichangodzokera shure zvishoma.

¹⁵³ Isaya, muporofita, kupupura kwaakaita, akaporofita nezvenguva yekupedzisira. Akati, “Mutumbi wese waizozara nemaronda akaora, tafura yose yaizozara nemarutsi!” Handiti, varume nevakadzi nhasi, vanitora chirairo, vachigara nemadzimai 2 kana 3, kana varume 2 kana 3, (ndizvozvo) mhando dzose dze...kuputa fodya, nezvinhu zvose izvozvo; vachiyuwa muchechi, vachitora chirairo!

¹⁵⁴ Zvino, ndinogona kudzika zvishoma pane izvozvo, asi ndichangomira zvishoma, zvichida hazvina kunaka panguva ino. Ndangonzwa kakudzorwa pane zvandanga ndichida kutaura. Asi ini...Munogona kuverenga pakati pemitsara. Munoziva zvinotaurwa neBhaibheri, zvinhu zvakafanira nezvisina kufanira.

¹⁵⁵ Zvinhu zvose izvi zvatinooona zvichiitika zvino, uye nenyika...sainzi inoti iyo...makore 4 kana 5 akapfuura, “Maminitsi 3 kusvika pakati pehusiku.” Israeri iri munyika yayo. Chechi iri muRaodhikia. Oo, ini zvangu! Tiri kutarisirei? Dambudziko nderei?

¹⁵⁶ Tiri kutarisira Chiedza chemanheru. Oo, handizive, kana Chikazonzi chauya, kuti tingaChicherechedza here? Kana kuti Chingapfuura here nepamusoro pemisoro yedu sezvazvakamboita kumashure mune mamwe mazera? Havambochiziva kusvika chava nenguva yakarebesa chatoenda.

¹⁵⁷ Imi rangarirai, vanhu vaya vezvinamato ndivo vakauraya vaporofita vakatumirwa kwavari. Jesu akataura kudaro. Akati, “Imi vanyengeri!” Akati, “Munoshongedza makuva evaporofita, uye madzibaba enyu ndivo vakavaisa imomo ndokuzovaka makuva avo.”

¹⁵⁸ Tarisai chechi yeRoma Katorike, yakashongedza guva raMutsvene Patrick, kushongedza guva ra—raJoan wekwaArc. Vakauraya mudzimai iyeye, ndokumupisa semuroyi, nekuti akanga ari wemweya, nokuti aiona zviratidzo. Vakamupisira padanda, semuroyi. Makore 200 akazotevera vakafukunura mitumbi yevaprisita ndokuikandira murwizi, kuti vatendeuke, vachiziva kuti aive murandakadzi waKristu. Asi, muzuva iroro, vakanga vasingazive kuti aiva ani, chechi payaipfuura.

¹⁵⁹ Uye Chinoenda nepamusoro pevanhu uye havazomboChicherechedza.

¹⁶⁰ Jesu, havana kuziva kuti Aive Mwanakomana waMwari kusvika Afa nekuvigwa nekumuka zvakare. Petro haana kuvapomera here paZuva rePentekosti? “Imi varume vane

maoko ane utsinye makatora Muchinda weHupenyu, uye mukaMuuraya, makaMuuraya!”

¹⁶¹ Oo, chiratidzo chitsvuku chiri kupenya chekuuya kwaKe chadzika! Amen! Tave kumagumo. Amen. Chiratidzo chitsvuku chiya chinopenya chiri kwese-kwese, kwese-kwese, “Ikabhodhi,” yakanyorwapo. Nguva yapera. Nguva hapachina!

¹⁶² Sainzi yakasvika kumagumo kwavo. Ndizvozvo. Vakagadzira chimwe chinhu zvino chavanogona kuputitsa nyika yese, mumwe nemumwe ari kutya mumwe wacho. Vave pamagumo enguva.

¹⁶³ Budiro yehungwaru, yasvika panzvimbo iyo vanhu... chiruvi chava kuzeya nemanhede. Vanhu havasi kuita sevanhu vane hunhu. Ungafunga here murume achida kuita mupengereki, nendebvu dzake dzakaremba sezvizi, mudhebehe wake wakaremba zasi mechuno chake, achingombeya muchivanze chechikoro akadaro? Huchenjeri hwenyika ichauya mushure meino, ndokunge kana pachine ichiripo, vachienda nevasikana vaduku vane makore 14 kunosasana navo, vari kunze uko mumugwaga.

¹⁶⁴ Nhasi, mumotera yangu, mange muine vamwe amai vanga vakazvambarara kunze uko vaine hembe dzisingatokwane kushanda sejira remubara rechife, nemurume wavo arikowo kunze ikoko nenzira imwe cheteyo, nemhepo inotonhora iyoyo. Vanofunga kuti mutumbi wavo wakanaka kwazvo zvekuti vanofanirwa kuuratidza. Hamucherechedze here kuti ndidhiabhore iyeye? Ndizvozvo. Vachikurura hembe dzavo, mupengo chete ndiwo unoita izvozvo. Rigiyoni akazviita nekuti aipenga. Cherechedzai! Uye isu tinazvo, asi zvinonzi “sitayera,” zvinonzi izvo “chimanjemanje.” Isu tinozviti “Dhiyahore!” Ndine Bhaibheri rinoratidza kuti ndidhiyahore. Kugarwa nadhiyahore, kugarwa nemadhimoni (kwete kudzvanyirwa). Kugarwa, anewe! Ndizvozvo. Ungavaudza nezvazvo? Vanoputika. Havadi chekuita naZvo! Kwe, changamire. Vane pfungwa dzavo pachavo, nekuti uko kumochari kwavanoenda havambozvitsiura. Kukwezva kweruchiva kunoitwa muzvikoro nemumachechi, uye vafundisi vanotya kuzvitsiura, havatombotaure zvakananyanya nezvazvo.

¹⁶⁵ Ndakanzwa mumwe mushumiri rimwe zuva, akati, “Pavakagadzira zvinhu zvebhuruu izvi zvezvazvo, ne-nemiromo mitsvuku, vakagadzira nyika yakawedzera parunako.” Mushumiri weVhangeri, ari papurupiti, anotaura zvinhu zvakadaro, anofanirwa kumboshanya kuKarivhari. Ndizvozvo. Ndizvozvo chaizvo, iro Bhaibheri richizvitsiura!

¹⁶⁶ Zvino rimwe boka rePentekosti rakaudza imwe hanzvadzi yakauya panzvimbo iyi, ichichema, nekuti vaive nevhudzi rakamonerwa kugotsi kwavo, vaine vhudzi refu, vakati, “Vhiri rako resipeya rinogona kupera mweya.” Vakati, “Unofanira

kugera vhudzi iroro, nokuti Bhaibheri rakati aiva...muna Isaya, chitsauko 5, aiva nemavhiri edenderedzwa semwedzi.” Zvino, Bhaibheri ringadaro sei kuti “mukadzi anoita zvinhu zvisiri izvo,” haakodzeri kugarwa naye kana achigera bvudzi rake, anoratidza pachena kuti anozvidza musoro wake, uyezve bvudzi refu...?...Ungaita kuti Bhaibheri ritaure chinhu chakadaro sei? Zvino, chii chiri kunetsa nemadzimai edu ePentekosti? Makaona zvemuterevhizheni zvakawandisa! Makaona zvemunyika zvakawandisa, uye hapana Shoko raMwari rakakwana rinokufadzai. Zvino, Bhaibheri rakataura kudaro. Ndizvo zvakataurwa neBhaibheri. Handisi ini, zvino, iBhaibheri!

¹⁶⁷ Oo, zvinokwezva ruchiva! Mumwe mudzimai akati kwandiri nguva pfupi yakapfuura, ndakanga ndichivatsiura pamusoro pekupfeka zvikabudura izvi, akati, “Ini—ini ndinopfeka midhebhe.”

¹⁶⁸ Ndakati, “Zvakatonyanyisa kuipa izvozvo.” Imi... Bhaibheri rakataura kudaro. Havagoni kushanduka.

¹⁶⁹ Unoti, “MaBaptisti iwayo.” Atori maPentekosti iwayo. Ndiri kutaura ne *mi*. Ndizvozvo. Ichokwadi.

¹⁷⁰ Asi dambudziko nderei? Dambudziko nderei? Pane akaita zinyekekenyeke pane imwe nzvimbo. Mumwe muparidzi shamwari yangu yakare aigaroti:

Takaita zinyekekenyeke paruzhowa, takaita
zinyekekenyeke paruzhowa,
Takarerutsa pachivi.
Takaita zinyekekenyeke paruzhowa, makwai
ndokubuda kunze
Asi ko mbudzi dzakapinda sei?

¹⁷¹ Dambudziko nderei? Pamakaita zinyekekenyeke paruzhowa, ruzhowa rweShoko raMwari! Rangarirai, hwaive hurongwa hwaMwari kuchengetedza Chechi yaVo neShoko raVo, pakutanga.

¹⁷² Zvino Evha paakashandisa pfungwa ndokuti, “Manjeka, zvino, hazvina musoro here izvi, ndinogona kurarama zvakangonaka sezvavari...?” Ah! Ndizvo zvakanzeresa.

¹⁷³ Uye ndizvo zvagara zvichizviita. Ndicho chikonzero akarambidzwa kuva muparidzi. Munoono, zvakangoita zinyekekenyeke paruzhowa. Ndipo apo (chechi) mavambo azvo akatangira, muPentekosti, uye ndiwo mavambo azvo. Hakuna Gwaro razvo. Maona? Zvino, unaita sei zvino? Unowana nyonganiso imwe cheteyo yawakawana kumashure ikoko muEdheni. Cherechedzai, zvino, zvino kana tauya kuShoko, unotaura pamusoro paRo... .

¹⁷⁴ Hapana angamisdzane naRo! Ndinodenha ani zvake kuti azvitaure. Ndakaparidza pamusoro pe*Mbeu YeNyoka*, vazhinji

vakashatirwa nekuda kwazvo. Ndakakumbira vamwe vanhu kuti auye kuzondiona nokuda kwazvo. Handivaone.

¹⁷⁵ KuChicago nguva pfupi yapfuura, mune matepi acho, vaifunga kuti vakanga vanditeyera mune chimwe chinhu. Vaive neGreater Ministerial Association of Chicago yese, Hama (Ndiyaniko zviya?) Tommy Hicks, Hama Carlson vaivepo. Uye husiku huviri izvi zvisati zvaitika, Ishe vakandimutsa husiku, vakati, “Enda unomira pahwindo iro.” Ndakaenda, uye kwaiva nedutu. Vakati, “Zvino, vakakuisira muteyo.” Vakati, “Pakudya uku kwemangwanani, usatya. Enda, Ndichava newe.” Zvino, izvi zviri muZita raShe. Munogona kuvabunza moziva. Zviri pamatepi, zvakafanotaurwa kare: Vakati, “Zvino, usatya kuenda, asi enda unomira,” vakati, “Ndichava newe.”

¹⁷⁶ Zvino zuva rakatevera ndakasangana naHama Carlson, mukuru wemusangano ipapo, naTommy Hicks. Uye Vakandiudza kuti ndaizosangana navo toenda kunzvimbo inonzi “Town and Country” pakudya kwemangwanani. Ndakagara pasi ipapo chaipo. Ndikati, “Hama Hicks, muri chiremba wedivinity uye tichasangana neboka guru revashumiri apa pachochi, mubatanidzwa wavo weChicago, madii kuenda monotaura makandimirirawo? Ndakakuitirai zvinhu zvakanwanda.” Ndaingovayedza zvangu.

Vakati, “Oo, handikwanise kuzviita, Hama Branham.”

¹⁷⁷ Ndakati, “Zvino, madii machingoendawo?” Ndikati, “Ndinokuitirai chero chinhu, zvino mungaendawo here kunondiitirawo izvozvo?”

¹⁷⁸ Vakati, “Oo, handingakwanisi kuzviita, Hama Branham. Havangazomirira izvozvo.”

Hama Carlson vakati, “Kwete, havangadaro.”

¹⁷⁹ Ndikati, “Muri kuziva chikonzero sei.” Ndikati, “Regai ndikuudzei chimwe chinhu, imhaka yekuti imi, muri vaviri, munoziva kuti vane muteyo wemibvunzo wvakandiisira.” Ini ndikati, “Munawo.” Zvino, izvi zviri patepi. Kana muchida tepi yacho, tinogona kuva nayo. Uye varume vose ava munovaziva. Saka ndakati, “Husiku hwamarimwezuro, ndakaona chiratidzo chokuti taizogara pano mangwanani ano uye Tommy waizoramba izvi.” Ndakati, “Zvino tarisai, muri. . . makabhadhara kamuri yehotera iyoyo.”

“Hongu.”

“Rendi yakatobhadharwa pairi.”

“Hongu,” Hama Carlson.

¹⁸⁰ “Asi hamusi kuzoiwana. IZVANZI NAJEHOVHA!”

“Sei?”

¹⁸¹ “Muchaenda kune imwewo nzvimbo. Iyi i—iyi ikamuri yegirinhi; tichapinda mukamuri yebhurauni. Ndichange ndiri

mukona; Chiremba Mead vachange vagere kurudyi rwangu; uye mushumiri uya wechitema nemudzimai wake vachagara neche kuno kuruboshwe,” nenzira chaiyo yazvaizova saizvozvo. Ini ndikati, “Mutarise zvino, chingouyai. Makaona Mwari vachipodza vanorwara, Vaonei muhondo panguva imwe!” Ndakati, “Ivo vakuru, vanoshamisa.” Ndakati, “Ingotaraisai mibvunzo uye muone kuti kwakanyarara sei.”

Zvino patakasvika ikoko mangwanani iwayo. . .

¹⁸² Kana muchida tepi yacho. . . Jim, unayo, hauna kuuya nayo here? Ipo pano, ipo pano, munogona kuva netepi yacho kana muchiida, yekumusangano.

¹⁸³ Ndakati, “Inyaya yei yamunayo neni? Dambudziko renyu ndereiko imi machinda?”

¹⁸⁴ Hama Carlson vakati, “Zvinoka, Hama Branham vakandiudza mazuva 2 apfuura kuti tichava. . .” Uye havana kuwana chivakwa chacho, vakazvikanzura. Havana kukwanisa kuvaita kuti vave nacho nekuti rimwe boka remimhanzi rakanga rachitora uye vakanga vasina kuziva kuti vaiva nerubatso pairi, vakabva vakanzura veBusiness Men. Uye pamwe makanzwa shoko razvo, Hama Williams pano, nepanowo, zvakare. Uye—uye—uye vakati, “Hama Branham vakandiudza chaizvo paizogara munhu wese, uye vakandiudza chaizvo zvaizitora nzvimbo.” Vakati, “Chinhu chimwe,” vakati, “Ini. . . vazhinji vedu tinogona kusawirirana naHama Branham paMharidzo yavo, asi,” vakati, “tinofanira kubvuma chinhu chimwe chete, havatyi kuItaura,” saka—saka vakabva vati, “havatyi nokuda kwaYo.” Vakati, “Zvino, hezvoka izvo, Hama Branham.”

¹⁸⁵ Ndakati, “Zvino, tisati tatanga, ndinoda mumwe munhu, pane zvandakataura, kuti atore Bhaibheri iroro uye omira pano padivi pangu.” Zvino ndiro raiva boka rakanyararisa rawati wambonzwa. Ndakati, “Saka, kana musingakwanise kuzvitsigira, zvino ibvai shure kwangu! Hongu. Hama, ndiri pano kuti nditakure mutoro pamwe chete nemi, asi tinofanira kudzoka kuchokwadi cheBhaibheri.”

¹⁸⁶ Ndokuti, “Madii—madii mangosiya vakadzi ivavo? Oo, hongu, muri. . . vanhu vanotenda kuti muri mu—muoni waMwari.”

Ndakati, “Handina kumbotaura izvozvo.”

¹⁸⁷ Akati, “Asi vanhu vanotenda izvozvo.” Ndokuti, “Madii—madii mangosiyana nevakadzi ivavo?” Ndokuti, “Uye morega kuvaudza nezvemapfekero avanofanira kuita uye nekugera bvudzi ravo nezvinhu zvavanofanira kushandisa. Madii masiyana navo? Madii kuvadzidzisa nzira yekugamuchira zvipo uye—uye nokuita chimwe chinhu vachiitira kubwinya kwaMwari?”

¹⁸⁸ Ndikati, “Ndingavadzidzisa sei chaizvo algebra ivo vasingatombdzidzi maABC avo?” Ndizvozvo. Unofanirwa kudzoka kunheyo uye wotanga.

Mwari, tinzwireiwo tsitsi zvino. Hongu, changamire.

¹⁸⁹ Hezvoka izvo, nguva yekupedzisira! Robhoti dzvuku pasi, richipenya! Kuuya kwaShe kwava pedyo. Hongu, changamire. Teererai! Mharidzo yenguva yekupedzisira inofanira kusangana nezvinhano zvenguva yekupedzisira. Apo pavakatsauka, Mharidzo inofanira kuidzosa. Nguva dzose, Mharidzo yenguva yekupedzisira inosangana nezvinhano zvenguva yekupedzisira. Nzira yese nemuMagwaro. Inofanira kuzviita nguva ino, kudana kudzoka kuShoko repamavambo. Oo, ini zvangu! Sezvakaita vamwe vatumwa muzuva, Mharidzo ino inofanira kuva zvimwe chetezvo. Takavimbiswa izvozvo! Mwari vakazvivimbisa muShoko raVo! Maraki 4, yakati zvichaitika, “Uye achadzoreredza Kutenda kwevana kumadzibaba.” Akazvivimbisa, uye tiri kurarama muzuva iroro!

¹⁹⁰ Oo, zvagara zvakadaro, nguva dzose, boka revatungamiriri rinoita kuti vanhu vave vakavhiringidzika. Havasi vanhu kunyanya; vatungamiri ndivo vanovavhiringidza. Zvino ngati...

Unoti, “Oo, Hama Branham!”

¹⁹¹ Saka, zvino, mira kwechinguvana zvino, tinofanira kuita izvi zvive zveMagwaro. Kana asiri Magwaro, saka hazvina kunaka. Nemashoko avo ehuchenjeri, muhutungamiri hwavo husina kufemerwa, mashoko ehuchenjeri hwenyika, ivo... Handiti, pane vamwe vaye nyanzvi idzodzo vanogona kuzvibanidza pamwe chete, asi unofunga kuti Satani haasi nyanzvi pazviriwo, zvakare here? Haana here, zvinoka, kusvika kuna Jesu Kristu ndokuMupa chikonzero, uye akatotaura Magwaro kwaAri? Akazviita! Iye inyanzvi pazviri. Asi Jesu haana kumboita nharo naye, Akati, “Zvakanyorwa, zvakare! Ibva shure kwaNgu, Satani.” Hongu, hutungamiri husina kufemerwa.

¹⁹² Tarisai kuna Kora, mumazuva apo Mwari vakatuma Mosesi nemharidzo, zvino Kora naDhatani vakafunga, vakauya kuna Mosesi, ndokuti, “Zvinoka, mira zvisihoma, unonyanya kuzviita mukuru wezvose! Unofunga kuti ndiwe wecha hurungudo pamhenderekedzo yegungwa; dhadha riri muchidziva, ndiwe wega. Ndichakuzivisa kuti kune vamwe vanhu vatsvene, zvakare!” Mosesi haana kutaura kuti vakanga vasiri vatsvene. Asi akanga aine kutumwa, aifanira kuzviita. Zvino vakaronga boka raiuya kuzopikisa Mosesi.

¹⁹³ Mwari ndokuti kwaari, “Enda unomira uko pamusuwo.” Varume ava vakanga vaine mudziyo wekupfungaidza muruoko rwavo, uye munoziva kuti mudziyo wekupfungaidza waizoitei. Mwari vakazarura nyika uye ikavamedza. Zvino vaiva nemoto wailbva paartari, mauri. Vaine moto mumudziyo

wekupfungaidza, sezvazvaingofanira kuva, vakatadza kucherechedza mharidzo yacho.

¹⁹⁴ Mwari vakati, “Ndiri kukutuma, Mosesi, zasi uko kunoita izvi. Iwe huya navo kuno.”

¹⁹⁵ Munoono, vakatadza kuzvicherechedza. Mosesi “ainyatsotaura chokwadi” kwavari. Sezvakaita Eria, kuChikoro cheVaporofita, “ainyatsovataurira chokwadi,” akagara neShoko.

¹⁹⁶ Ndizvo izvo imi vanhu vePentekosti, makatozovipatsanura kubva kune imwe nyika yose, makanyatsomira neShoko. Iye zvino musadzokere muchinhu chaicho chamakabuda machiri, muri kukukurwa! Usadimbure hoko yako kubva paKarivhari. Batirira paShoko raMwari, nokuti “Padombo iri Ndichavaka Chechi yaNgu,” gara naRo.

¹⁹⁷ Zvino, Dhatani uye vakafunga kuti ndivo...panogona kunge paine mumwe munhu. Munoono, ndihwo huchenjeri hwevanhu huri kuedza kupinza pfungwa dzavo muhurongwa hwaMwari. Apa pakanaka apa. Hungwaru hwevanhu vachiedza kupinza pfungwa dzavo muShoko raMwari. Hazvishande! Hazvizoshanda. Hazvina kumboshanda uye hazvizombofa zvakashanda.

¹⁹⁸ Tarisai Jesu paAkanga akamira ipapo, akati, “Ndiani wenyu angaN dipomera mhosva yechivi? Ndiani wenyu angaratidza kuti haNdina kuita chaizvo izvo Magwaro akati Ndaizoita? Ndinoti ndini Mhesiya. Uye kana Ndikasaita mabasa aBaba vaNgu, saka chiregai, musaNditenda. Asi kana Ndikaita mabasa uye imi musingaNditendi, tendai mabasa aNdinoita, anopupura nezvaNgu.” Ndizvo chaizvo. Uye vaisagona kuzvitenda, vaida nzira dzavo ivo.

¹⁹⁹ Vanogona kunge vasingarevi kuita izvi uye vova vachiresva. Havarevi...Handitendi kuti munhu anorevera kuita izvozvo. Ndinowana vanhu vakanaka kunze mumachechi makuru emasangano. Ndinowana varume vakanaka. Asi sezvakataura gweta paredhiyo, ndichiuya zasi kuno, “Chinhu chinoshamisa, kuti vafundisi vangamira sei papurupiti, uye voona nguva idzi dzichiuya, uye kuti vorega kuti hashu dzavo dzakarurama dzisimuke, nokuda kwezvivi zvenyika!” Zvino kana gweta richifanira kusimuka richitaura izvozvo! “Uye kuti vatendi vangashandisa sei mari yavo pamhando dzose dzenzvimbo dzinochengeterwa mhuka nemapaki, nezvimwe, uye vasingatsigire hurongwa hwemamishinari, kutora Evhangeri pasi rose.”

²⁰⁰ Apo mamishinari ane nzara, asina shangu mutsoka dzavo... Hareruya. Pasina sangano rinovatsigira, nokuda, kwekumira kwavo neShoko raMwari. Pasina chinovatsigira. Munovawanira chimwe chinhu chokuvatsigira uko, zvino chii chavainacho? Matutu makuru edzidziso. Mumishinari chaiye, wechokwadi,

zviratidzo zvichitevera, anofanirwa kuzembera pane mumwe mudzimai anowacha kuti avachengetere masendi mashoma. Cherechedzai, hezvoka izvo.

²⁰¹ Vanogona kunge vasingadi kuita...Zvakanaka, asi dambudziko ravo chii? Mapofu. Jesu akataura kudaro. Rangarirai, rangarirai, Jesu akataura zvimwe chetezvo. Uye zvinoita sokunge, nhasi...

²⁰² Zvino teererai, ndinovimba handisi kutsoropodza. Paunenge uchitaura chokwadi usa—usanzwe sekuti ndiri kutsoropodza. Ndiri kungoedza...Ndi—ndinoda...Uye kana usingaiti... Ndi—ndine shungu nekuda kweChechi. Ino, ivo pamwe ichechi yeAssembly of God, kana chero ipi zvayo, kana—kana ini—ini handizivi kuti ndeipi. Chii...Hazvina mutsauko kwandiri. Ikereke yaMwari. Ndizvo zvairi, ndinotenda, ichechi yaMwari. Saka, zvino, tose tinofanira kuva izvozvo, kwete chechi yesangano yaMwari, asi tinofanira kuva Makristu mumoyo. Chechi yaMwari inogara mukati memadziro, kwete zita, zvichingodaro.

²⁰³ Zvino, nhasi zvanyanyira pane izvi, hunhengo ndihwo hwoga hwakakosha kuvanhu. Zvino, tarisai maBaptisti vachiva nerumutsiriro. Oo, vakave nerwumwe. Vakanga vaine sirogani muna '44, "Rimwezve miriyoni muna '44." Mharidzo dzaBilly Graham dzichipfuurira mberi. Handiti, chokwadi, zvakaita chinhu chikuru. MaMethodisti, maBaptisti, Presbyteriani, change chiri chinhu chikuru, asi chii chatinacho?

²⁰⁴ Jesu akati kuvaFarisei, "Imi vatungamiriri mapofu vemapofu. Munoenda nemumakungwa kunoita kuti munhu 1 atendeuke, zvino mwana wegehena zvakapetwa kaviri kupfuura zvaave ari paakatanga." Uye ndizvo zvatinaizvo nhasi.

²⁰⁵ Billy Graham, pandakapinda pakudya kwake kwemangwanani muLouisville, Kentucky, akauya kumusoro ikoko, ane chiso chisiri kunyemwerera semuvhangeri, akati, "Ndinoenda...Pauro akati...Heuno muenzaniso." Akati, "Pauro akapinda muguta ndokutendeutsa munhu 1, akadzoka gore rakatevera zvino ndokuva ne 30 kubva pane 1 iye." Akati, "Ndinopinda muguta ndova nevatendeuki 30,000, ndodzoka mugore rimwe uye ndotadza kuwana 30." Akati, "Chii chiri kunetsa?" Zvino ndakayemura maonero emuvhangeri. Akanongedzera chigunwe chake kunze uko, varume vangangosvika 300 vakagarapo, akati, "Ndimi imimi boka revaparidzi vane husimbe." Akati, "Munogara muhofisi makaisa tsoka dzenyu patafura, uye mofonera munhu parunhare, uye momukumbira kuti auye uye—uye kuzojoinha chechi yenyu. Munofanira kuenda kunomushanyira."

²⁰⁶ Ndakagara ipapo, ndikafunga kuti, "(O Mwari!) Munoziva, Muvhangeri Billy, muri munhu mukuru. Ndiri—ndiri dununu. Asi regai ndikubvunzei chimwe chinhu." Ndakashuvira kuti

dai ndakagona kutendeuka ndakataura izvi; asi ndi—ndi—ndinoyemura hama iyi, ndinofunga kuti muranda waMwari. Asi ndaida kunge ndakataura izvi, “Zvino, Billy, imhando ipi yemuparidzi yaiva naPauro yokuti azotevere mumwe chete wake iyeye?” Chii chakaitika? Pauro haana kungomurega achisimudza ruoko rwake kuti aite sarudzo, akamuendesa kurubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, ndokutungidza mweya wake nemoto, uye akatadza kunyarara.

²⁰⁷ Ndiro dambudziko nhasi, hunhengo. Hongu. [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti]. . . nhengo, hunhengo hukuru, makirasi makuru eSunday school, kubhadhara mibairo kune mumwe munhu anogona kutendeutsa nekuunza mumwe munhu kubva kune imwe chechi kuti auye kwavo, ane vakawanda. Munoziva, ndicho chiFarisei! Uye wozvirova dundundu pamusoro pazvo, “Takavakunda Svondo yapfuura.” Kana wasvika panzvimbo yaunofanira kuita kuti kereke yaMwari iite zvmakwikwi, zvino yava nguva yekuvhara masuwo nekuenda kumba.

²⁰⁸ Chechi yaMwari chinhu chipenyu chaMwari panyika, chinoratidza Jesu Kristu. Ndinoziva kuti haZvifarirwi, haungatarisire kuti zvidaro. Tinotarisa kuva vechokwadi.

²⁰⁹ Woganza zvikuru pamusoro pazvo. . . Asi, maiziva here, ruzha rukuru haruna zvarwakaita kune muporofita Eriya. Akanzwa moto nehutsi zvichipfuura, nokutinhira nemheni, uye ropa nemafuta, nezvimwe zvose, hazvina kumbomunetsa. Munoziva, America inogara ichitsvaga chimwe chinhu chikuru chine ruzha rwakawanda machiri. Asi Mwari “Inzwi diki rakadzikama” rinokwezva muporofita.

²¹⁰ Munoziva, imwe ngoro yakabuda kunze kuenda kumunda, zvino iri kubhamba-bhamba, ichiita ruzha rwakawanda payakabuda kuenda mumunda. Zvino payakadzoka, yakauya nepamagadhi mamwe chete uye haina kuzomboita kana ruzha rwupi zvaro, yakanga izere nezvinhu zvakanaka. Maona? Hongu.

²¹¹ Asi tiri kuzorodza chiitiko chedu pane ruzha rwakawanda. Tingazviita sei? Tingaita sei zvinhu izvozo zvakadaro? Oo, ini zvangu! Uye topinza zvinovaimira zveHollywood, toisa vakadzi papurupiti, vane hembe dzinobata chaizvo nokutaridzika zvinokwezva ruchiva, vachitamba mumweya. Handizivi kuti imhando wemweya wakaita sei!

²¹² Handireveri kuva anotsoropodza zvino, ini—ndiri—ndiri. . . ndi—ndinokudai. Kana ndikasadaro, zvino Mwari vachanditonga kana ndiine chimwe chinangwa kunze kwaichocho. Maona?

²¹³ Asi unowana izvozo, munoona. Ndiko uko maPentekosti akakukurwa. “Tine vakawanda kupfuura vane hama iri pakona.” Oo! “Tine vakawanda kupfuura veAssemblies, nokuti tiri maOnenessi, kana kuti tiri maTrinitariani, uye tiri. . .” oo,

ichi, icho, kana *chimwewo*, mhando dzose—dzose dzakasiyana dzavainadzo, munoono. Oo, hama, hazvireve *izvozvo* kuna Mwari. Vanoshanda nedungamunhu. Ndizvozvo.

²¹⁴ Cherechedzai, ruzha rukuru, asi harwuna kukwezva muporofita. Muporofita haana kuita hanya neruzha rukuru. Asi paakanzwa Inzwi diki riya rakadzikama, akaziva kuti rakanga riri Shoko, akafukidza chiso chake ndokufamba achibuda.

²¹⁵ Munoziva, zuva rinogona kukweva mvura yakawanda mumaminitsi 15, pasina kana ruzha zvachose, uye isu... rumwe ruzh-...uye tinoita ruzha rwakanyanya pakuchera garani remvura kupfuura zvinoita zuva madhiramu miriyoni. Ndizvozvo. Tinogara tichitsvaga chimwe chinhu chakakura uye chine “kudanidzira kwemufaro” kwakanyanya, neruzha rwakawanda kwachiri. Zvino kana zvasvika panyaya yekutora Shoko, ndipo panobuda chinhu chacho. Maona? Vouya, uye vanoti, “Zvinoka, Mwari ngavarumbidzwe, ndinokuudzai...”

²¹⁶ Ndakasangana nemumwe murume kuno nguva pfupi yakapfuura...Handitauri izvi kuti ndive anomhura, ndapota ndiregererei kana ndiri kufunga kuti zviriri... kuzviita sekumhura. Ndakanga ndiri pamusangano wetende uye, mushumiri, mumwe mushumiri wePentekosti akauya nomudzimai wake kuzoridza piyano. Zvino paakandizivisa nomudzimai wake, kutaura chokwadi, ndakapotsa ndafenda. Mudzimai uyu aive nebvudzi pfupi chairu, rakamonerwa mudenga, uye aive nemhete huru, kwazvo, nependi yakakwana pamiromo yake, kana chero zvinhu izvozvo zvazviri, nzara dzakapendwa. Airatidzika kunge aiva...Zvaitaridzika zvinotyisa; mazinzara makuru, marefu-refu, nezvakadaro. Uye achitaridzika zvinokwezva ruchiva; akapfeka rokwe diki, kwazvo, pfupi, aisakwanisa kana kurisvitsa pamabvi ake paakagara pasi. Zvino, ndakamira ipapo zvishoma, ini ndikati, “Hama, ndingakurwadzisai here kana ndikataura chimwe chinhu?”

²¹⁷ Akati, “Handiti, zvirokwazvo kwete.” Murume akanaka, uye airatidzika kuva mudzimai akanaka.

Ndakati, “Munoti mudzimai wenyu mutsvene here?”

Akati, “Hongu.”

²¹⁸ Ndakati, “Ndiregererei nechitaurwa ichi, asi anoita ‘sechipoko’ kwandiri,” ndikati, munoziva, “kana chimwe chinhu chakadaro.” Ndakati...

²¹⁹ Akati, “Munorevei, Hama Branham?” “Oo,” akati, “muri vechinyakare.”

²²⁰ Ndakati, “Ndiri wechikoro cheMagwaro. Ndizvozvo, chikoro cheMagwaro.” Handitendi kuti mutsvene anoita saizvozvo, handitongokwanise kuzviita, iro Bhaibheri richizvipomera. Maona?

221 Zvakanaka, zvinoita, nguva dzese, zvese zvatinonzwa nezvazvo, “vakave nevanhu vakatora sarudzo 40,” “vanhu vakatora sarudzo 44,” “takave nevanhu vakatora sarudzo 300.” Zvino, kupupura. *Kupupura* ndiko kuti “matombo.” Ndizvozvo, nokuti Petro, pane kupupura kwake, akadanwa kunzi “dombo, ibwe duku.” Petro, kupupura kwake. Zvino, matombo akanaka, asi dombo rinobatsirei kana kuti rakakosherei kuchivakwa kana pasina muvezi yematombo wechokwadi ipapo ane turusi yakapinza yeShoko yekuatema nokuaita vanakomana vaMwari? Maona? Kupupura kunobatsirei?

222 Ndicho chikonzero uchidzoka uye usingawane 30 kubva mu 30,000. Nonongokungurutsa matombo kubva muguruva, woakungurutsira kunze uko, uye iwo asingakodzere patemberi. Anofanira kutemwa, oenderana neShoko raMwari, oiswa imomo, akabatanidzwa pamwe chete, akavakirwa panheyo yeDzidziso yevaapostora, Jesu Kristu Dombo repakona. Uye Akati, “Uyo anotenda maNdiri, mabasa aNdinoita iye achaaaitawo.” Ndizvozvo.

223 Tingava Chechi sei isu tichizvidzana? Akati, “Izvi vanhu vose vachaziva kuti muri vadzidzi vaNgu, kana muine rudo mumwe kune mumwe.” Patinotendeutsa nekupatsanurana, uye nekuda kwekusiyana kwemasangano... Handizviise pavanhu, ndinozviiisa pasangano racho. Ndizvozvo. Kwete vanhu vacho zvachose. Maona? Oo, zvakaipa kwazvo, zvakadaro ini... .

224 Unofanira kuva neturusi yakapinza iyi, Shoko raMwari, kuvaumba kuva vanakomana veChivakwa. Oo, ini zvangu! Munamoto wangu ndewekuti, “Mwari, kurumidzai naMaraki 4. Tipei Mharidzo mumazuva okupedzisira. Tipei mumwe munhu, tumirai chimwe chinhu chinoponesa kereke yePentekosti iyi.”

225 Mwari vangatitumira mhando yemutumwa akadii wemazuva ano ekupedzisira? Ndichakuudzai izvi, hama yangu, hanzvadzi, sehama yenyu nomushandidzani pamwe chete nemi akatarisira nguva iyoyi kuti iuye, anozova mutumwa wemhando imwe chete akambouya pane imwe nguva. Mhando imwe chete! Anozodzosa kereke kuShoko. Mwari, ngatiisei nheyo yazo zvisati zvasvika pano. Asati auya, ngatiisei nheyo tive matombo, akachekwa, akagadzirira kumira achitsigirana pamwe naye kana Mwari vamutuma, nokuti Vakavimbisa kuti Vaizozviita.

226 Zvino, ndinozivira, ndinozvinzwa zvichidzoka. Uye, rangarirai, nechipo chiduku ndinogona kubata kunzvera kwemweya, munooni. Zvino, muri kuzviramba izvozvo, pandataura kuti Maraki 4. Asi regai ndikuudzei chimwe chinhu. Makati, “Jesu akati, ‘Kana muchigona kuzvigamuchira, uyu ndiye Eria akataurwa nezvake.’”

227 Asi kana mukaona zvaAkataura muna—muna—muna Mutsvene Mateo, chitsauko 11 ndima 6, “Kana muchigona kuzvigamuchira, ndiye uya wakarehwa, uye akati, ‘Ndinotuma

mutumwa waNgu pamberi pechiso chaNgu.” Aiva Maraki 3, kwete Maraki 4.

228 Nokuti, muna Maraki 4, Akati, “Zuva iri risati rasvika, nyika yaizopiswa uye vanhu vaizofamba pairi; vopiswa semashanga.” Ndizvozvo. Aitaura zvino nezvemutumwa pamberi pechiso chaKe, aive Eria, anoti . . .

229 Ini—ini handitendi mune zvinhu zvese izvi pano zviri kuitika nhasi nezvehanzu yaEria nezvinhu zvese izvozvo. Ini . . . Zvenhema zvese izvozvo zvinofanira kuuya, hongu, kuzovhiringidza chinhu chechokwadi kana chichinge chauya. Asi, regai ndikuudzei, pachasimuka mutumwa pakupera kwezera rino rePentekosti opedzisa chinhu ichi. Achava munhu. Kwete boka, kwete sangano; asi munhu. Zvagara zvakadaro, uye Mwari havakwanise kushandura hurongwa hwaVo, ndiVo Mwari vaZiyendanakuenda.

230 Rangarirai, kana mutumwa iyeye (Johane) aive mutumwa waMaraki 4, zvino Magwaro akakundikana, nokuti Akati, “Aizodaro . . . nyika inozopiswa semashanga, uye vakarurama vachafamba-famba pamadota evakaipa.” Saka Riverengei, muone kana zvisiri izvo. Maona? Asi Jesu haana kumbotaura izvozvo, Akataura nezvaMaraki 3, “Ndichatumira mutumwa waNgu pamberi pechiso chaNgu, kuti aNdigadzirire nzira.” Ndizvozvo chaizvo.

231 Zvino, asi rangarirai, uyu mumwe uyu aiva wekudzoreredza kutenda kwevana kuchidzoka kumadzibaba, kudzoreredza kutenda kwevana kuchidzoka paKutenda kwemadzibaba, Bhaibheri repamavambo.

232 Ndizvo chaizvo zvakaitwa naMosesi. Ndizvo chaizvo zvakaitwa naJesu. Ndizvo chaizvo zvakaitwa nemutumwa wese kudzika nemuBhaibheri, panguva yokupedzisira yemwaka iwoyo, vakadzoreredza mharidzo. Vanhu, kubudikidza nemasangano nezvimwe, vakavhiringika nezvose, mumazuva iwayo.

233 Vaita zvimwe chetezvo nhasi! Saka tiri kutarisira mutumwa. (Mwari, mutumei!) Munofunga kuti tichamugamuchira here? Kwete, changamire! Achange ari “munhu anopenga uye mupengereki,” zvechokwadi chaizvo, asi Mwari vachamusimbisa. Mutendi chaiye, avo vakafanotemerwa kuHupenyu Husingaperi, Jesu akati, “Vose vaNdakapiwa naBaba vachauya, uye hakuna munhu angauya kunze kwokunge Baba vaNgu vamukweva. Uye vose avo Baba vaka” (nguva yakapfuura) “Ndipa, vachauya.” Ndizvozvo, vakanga . . .

234 Handitendi mune iyi pano dzidziso yeBaptisti ye—yekuchengeteka Nokusingaperi. Ndinovitenda neimwe nzira, asi ndinotenda kuti wakachengeteka chero uri muChechi. Asi ukabuda kunze kwe . . . kunze uchibva pasi peRopa raJesu

Kristu, hauna kuchengeteka. Ndakachengetedzeka kubva kumvura inonaya chero bedzi ndiri muno.

²³⁵ Zvino kana wabhabhatidzwa muMweya Mutsvene uye *woti* une Mweya Mutsvene, wobva waramba Shoko raMwari? *Woti* wakatenda uye ukagamuchira Mweya Mutsvene, zvino wobva waramba kuti Shoko nderechokwadi? Zvino ungava Mweya Mutsvene sei Uri Iwo wakanyora Bhaibheri? Mweya Mutsvene woramba Shoko raWo pachaWo, *woti*, “Nda—ndanga ndiri kukanganisa, uri raiti”? Kwete, havasi Mwari. Kwete, changamire.

²³⁶ Munondo wakapinza! Ishe, titumirei Mharidzo huru, ndiyo yatiyi kutarisira. Zvino, chokwadika, kana auya kuzogadzirisa matombo iwayo nokuachekera chivakwa, chii chichaitika? Vazhinji vavo havamiri pakuyedzwa neShoko. Vachada sangano ravo kupfuura kuda kwavanoita Shoko raMwari, kunyangwe Shoko iroro richisimbiswa nemurume iyeye. Achange ari muporofita achauya nemuZita raShe, uye ndiye achange ari iye achauya panyika. Ndinovzitenda.

Oo, munhu wese anoti, “Richava boka revanhu.”

²³⁷ Ndinoda kuti mumwe munhu andiratidze muBhaibheri apo parichange riri boka revanhu; Mwari vaizotyora Shoko raVo Voga, haVakwanise kuzviita. Kwete, changamire. Vakavimbisa izvi. Achange ari munhu mumwe. Zvino pachava nevamwe pamwe naye, hongu, zviuru, Chechi yevatendi yose ichava naye, kwose-kwose.

²³⁸ Sezvazvaiva mumazuva aNoa, hakuzovi nevakawanda vavo vachaponeswa, nokuti Jesu akati, “Sezvazvakanga zvakaita mumazuva aNoa.” Munozviziva here? “Sezvazvakanga zvakaita mumazuva aRoti,” (vaverengei) “zvichava saizvozvo.”

²³⁹ “Matenga nenyika zvichapfuura, asi Shoko raNgu harizopfuuri.” Munoono zvandiri kureva? Oo, hama, zviri nani kuti tizviongorore, nguva inogona kunge yapera kupfuura zvatinofunga. Zvinogona kuitika kuti taizomuka rimwe zuva uye toona kuti pane chimwe chinhu chatakapotsa. Chenjera! Rinda, namata, tsvaga, tsvaka, usaChirega chichikupfuura. Uye, rangarirai, kana Shoko raMwari rikaparidzwa, Mwari vanosungirwa kuShoko iroro uye vachaRisimbisa.

²⁴⁰ Munoziva zvaAkataura ipapo, zvakaitika mumazuva aRoti? Akati, “Sezvazvakanga zvakaita mumazuva aRoti.” Chii chakaitika ipapo moto woda kudonha? Chii chinzoitika zvakare moto wave kuda kudonha, imhandoi yemharidzo iyo Chechi yaizowana? Kwete Sodhoma zvino, Chechi yakasanangurwa. Ingozvichengeta zvitatu izvozvo: kune vaSodhoma; uye paiva naRoti neboka rake, chechi yetsika; kwaiva naAbrahama, Musanangurwa. Vose vari 3 vakawana mharidzo, hongu, nevatumwa vakasiyana. Tarisai mhando yeakaenda kuChechi yakasanangurwa, zvaAkaita kuna

Abrahamama. Jesu akati, “Ndizvo zvazvichava pakuyya kwoMwanakomana woMunhu.” Zvino, hatigoni kuzviramba izvozvo, ndizvo chaizvo zvakataurwa naJesu. Saka, zvechokwadi zvichava saizvozvo.

²⁴¹ Zvino, vakawanda. . . Jesu paakauya akavaisa pakuyedzwa ndokuti, “Nzverai Magwaro, nokuti maari munofunga kuti mune Hupenyu Husingaperi, uye ndiwo acho ayo anopupurira nezvaNgu,” vaigona kukunda muyedzo here? Kwete. Uye chero ani zvake anoziva, kupupura kwese kwematombo asingakwanise kumira pakuyedzwa neShoko anokandwa mumurwi. Rakatsemuka, rakatsemurwa nemvura, haringamiri pakuyedzwa. Oo, nhai, robva ratumurwa kumurwi wemigweje! Mwari vakagara vachiverenga hunhu pachinzvimbo chehuwandu.

²⁴² Ndave kuvhara. Ndine hurombo kuti ndakuchengetai kwenguva yese iyi, ndanga ndisina chinangwa chekuita izvi. Chingondiregai kwechi—chinguva, 2, ndingoita chitaurwa ichi chekupedzisira, ndobva ndamira muchinguvana. Ndinovimba nda—nda—ndataura chimwe chinhu chekukubatsirai, munoona, kukuitai kuti munzvere. Maona?

²⁴³ Mwari vakagara vachiverenga hunhu, kwete nhengo. Zvino nhasi tinoita zvinopesana zvacho. Tinoverenga nhengo, hembe yakanaka, vanobhadhara zvakanaka, pachinzvimbo chehunhu. Uh-huh.

²⁴⁴ Erizeri akashingaira, kusvika awana hunhu. Ndizvozvo. Aizwana ani? Zvino akavimba naMwari. Hunhu hwechii? Hunhu achiitira Isaka, mwenga, uyo Chechi inofanidzira. Munozviziva izvozvo. Ndiyo yaive mbeu yepanyama yaAbrahamama; iyi ndiyo Mbeu yehumambo yaAbrahamama. Zvinoka, kana Erizeri, mutumwa achivhima mwenga uye achiedza kutsvaga hunhu, kana murume iyeye akauya, mutumwa wezuva rokupedzisira, achiedza kutsvagira Kristu Mwenga, haazotarisi hunhengo hwesangano. Achatsvaga hunhu hunoda.

²⁴⁵ Tarirai! Hunhu hwakanaka kutanga, tevere kuzomugadzirira kunosangana naIsaka. Mushure mekunge awana hunhu, akabva aita kuti amire kwenguva yakareba zvakanakwana kuti aterere mharidzo yake pamusoro paIsaka.

²⁴⁶ Ndiye mutumwa wamazuva okupedzisira, Chiedza chemanheru, anotanga awana Chechi iyoyo (ndekupi kwavachatenda Mharidzo?), kuitsvaga. Muri kugona kubata zvandiri kutaura here? Kutsvaga kune Chechi iyoyo inotokutendera kuti upinde, isingazovhare musuwo pamberi pako. Uyezve kana wadaro ipapo, zvino wawana hunhu. Zvino kana akamira kwenguva yakareba zvakanakwana kumuudza kuti Mwenga iyeye anofanira kupfekedzwa sei! Anofanira kupfekedzwa. Mirai ipapo! Kana aikwanisa kuwana. . .

247 Tarirai Rabheka mudiki achiteerera kushoko rimwe nerimwe, hana yake diki yairova. Iye...Iye—akanga achimuudza. Zvino, washingaira, “Ndichaenda kupi?” kusvika ndawana hunhu. Zvino kana ndawana hunhu, ndozomuita kuti amire kwenguva yakareba zvakakwana kuti agadzirire kuenda kunosangana naye. Oo, ini zvangu, chinhu chinoshamisa zvakadii! (Ndinoshuva kuti dai taiva neimwezve nguva shoma pawachi iyo.) Kumugadzirira; omira kuti aterere shoko rake pamusoro pake. Eriezeri akanga asiri kutaura nezvake iye, asi aitura nezveuyo waakanga atumwa kubva kwaari. Uye aiva nezvipo zvinoratidza kuti akanga atumwa kubva kwaari. Ameni! Aida kumupfekedza zvinhu izvi. Munoziva kuti akamugadzirisa sei.

248 Dai ndangomuita kuti ageze kumeso kwake! Maona? Munoziva, nda—ndangonzwa kumiswa pazviri, saka zviri nani ndinyarare zvangu. Zvisinei, ndataura zvakakwana, munoziva zvandiri kutaura nezvazvo. Zvakanaka, teererai, chingomirai.

249 Cherechedzai, mutumwa wenguva yekupedzisira, basa rake richava rekugadzirira vatsvene, Mwenga kuti agadzirire Chikomba. Ndiyo ichava Mharidzo yake. Zvino munoda here kudzidza maABC kuti mugozodzidza algebra pamberi apo? Apo zvimwe zvisimbiso zvose izvi zviri kuseri zvazarurwa zvichazarurirwa kwavari voga. Ndizvozvo. Dzidza maABC kutanga. Chii chinonzi ABC? “Tenda Kristu Nguva Dzose,” (kwete chitendwa chako), Kristu. Maona? Tenda zvaAnotaura, kwete zvinotaurwa nemumwewo munhu.

250 Kana zvichipesana, kana munhu akakuudzai kuti, “Zvakanaka kuti mugere bvudzi renyu, madzimai,” munoziva kuti ari kunyepa. Bhaibheri rinotaura kuti zvakaipa. Kana akati, “Unogona kuva mudhikoni uchigona kuva nemadzimai 4 kana 5,” ari kunyepa. Zvinopesana neShoko. Maona? Zvimwe zvinhu zvose izvi zvatinotaura nezvazvo, zviunzei kuShoko moona kana zviri chokwadi cheShoko.

251 Dzosai kereke kuShoko. Zvino, mutumwa waMaraki 4 anofanira kuitei? Kudzoreredza zvakare Kutenda kwepamavambo, Kutenda kwerumuko. Uko, vakaona Jesu mushure mokunge Amuka kubva kuvakafa, vakaMuona achishanda pakati pavo.

252 Vaive varume vemashoko mashoma. Vakaenda vakanoparidza Shoko. Oo, vakaparidza kwenguva refu, Pauro akaparidza husiku hwose imwe nguva. Maona? Mumwe murume akadonha kubva muchivakwa, akazviuraya. Akaisa mutumbi wake pamusoro pake, akamudzosa kuhupenyu zvakare, munooona. Maona? Munooona, ndokuramba achiparidza hake.

253 Zvino, cherechedzai vaive vanhu vakasiyana neizvo zvePh., L.L., Q.U.S.T., uye chero zvaungada kuzvidaidza, nhasi. Chii?

Zvinopatsanura mutumwa ne . . . Mharidzo, waro, kubudikidza nemutumwa, inopatsanura vatendi kubva kune vasingatendi. Vamwe vavo vachamira naRo, uye vamwe havazodaro. Vamwe vemaLutherani . . . Vamwe vemaKatorike vakamira naLuther, vamwe havana. Vamwe vemaLutherani vakamira neMethodisti, vamwe havana. Vamwe vanomira nePentekosti, uye vamwe havadaro. Vamwe vachamira neChiedza chemanheru, vamwe havadaro.

²⁵⁴ Munozoziva sei kuti Chiedza chemanheru kana kuti kwete? Chiyedzei neShoko (kwete Shoko *rimwe* chete, Shoko *rose* rakabatanidzwa), moona kuti chakarurama here kana kuti kwete. Oo, chiri mune chii? Zvino kana Mharidzo iyi ikaburitsa kusimbisa kwaMwari kuchiita zvaVakati Vachaita, uye zvichifambirana neShoko, zvino Shoko rinosimbiswa sedzimwe nguva nezvakaaitwa nezvimwe zviporofita.

²⁵⁵ Cherechedzai apo Mharidzo . . . apo . . . Cherechedzai kana Mharidzo yarambwa nevanhu, uye mutumwa achiita sokunge akundwa zvachose, haakwanisi kuwana mumwe mukova, haakwanisi kuwana nzvimbo.

²⁵⁶ Sezvakanga zvakaaita Ishe vedu. Rangarirai, paVaiva . . . Oo, paVaipodza vanorwara, Muporofita wechidiki, “Oo, ini zvangu! Iye Muchinda mukuru!” “Mhoroi, Rabhi, makadii?” Asi rimwe zuva Akagara pasi akatanga kuvaudza Chokwadi. Akafarirwa nechechi, vanhu. Zviuru zvakaMutevera. Aiva nevashumiri 70 vaaive naVo, kunze kwevaye 12. Asi rimwe zuva mushure mekunge Ashandura chingwa . . . kana kushandura . . . akawanza zvingwa, kuratidza kuti Aiva Mwari, nokuti Mwari chete ndivo vakanayisa chingwa kubva Kudenga. Hongu. Maona? Akawanziridza zvingwa. Uye pakarepo mushure meizvo . . . Akanga afamba pamusoro pemvura, akaita zvishamiso, uye akaita zvinhu zvaAkanga aita, kuratidza kuti Aiva ari.

²⁵⁷ Uyezve, paAkadaro, Akagara pasi ndokutanga kunyatsoudza vanhu. Vanhu vakabva vachienda. Zvino 70 vakati, “Uh! Ndiyani angazvinzwa Izvi? Kutaura kwakaomaka uku. Uri kuparadza zvataifunga chaizvo kuti chaiva chimwe chinhu. Zvino, ndiWe ani kuti utiudze zvinhu izvi?” Zvino vakafamba vachienda.

²⁵⁸ Zvino Jesu akatendeukira kuboka raKe duku, semumazuva aNoa, semumazuva eSodhoma, akati, “Munoda kuendawo here, zvakare?”

²⁵⁹ Zvino Petro akataura mashoko makuru aya, “Ishe, tingaenda kupi?” (Mwari, tibatsirei.)

²⁶⁰ Cherechedzai kana Mharidzo yarambwa uye mutumwa achiita seakundwa, ndipo apo Mwari vanosvika panzvimbo, Mharidzo yake yopera.

²⁶¹ Noa, (tichivhara zvino), Noa akaparidza pamusuwo weareka yake kwemakore 120, kusvikira, pakupedzisira vakamuseka

zvekumunyomba, Noa akapinda muareka achifunga kuti... zvaizova zvakangonaka. Mwari vakavhara musuwo. Uye vanhu vakamirira kuona kuti chii chaizoitika. Kwamazuva 7 akagarapo ndokudikitira, uye nezuva rechinomwe mvura inonaya yakauya. Uh-huh.

²⁶² Mosesi, akanga ari pai? Mugwara chairu rebasa, achitungamirira vanhu. Gungwa Dzvuku ndokupinda munzira yake. Akanga ari pamagumo enzira yake. Ndipo apo Mwari vakauya nemhepo yokumabvazuva ndokupatsanura gungwa, kumagumo enzira.

²⁶³ Aiva Dhanieri, akamira pashoko rake rokuti, “Handisi kuzozvisvibisa nyenika yamambo uyu.” Amire akatendeka kuna Mwari, aiva kumagumo chaiko kwenzira yake, zvichiita sokunge magumo enguva yake akanga asvika, vakamukandira mugomba reshumba. Mwari vakasvika panzvimbo.

²⁶⁴ Zvino mamwe mangwanani, zasi uko muBhabhironi... Amen! Ndinokwanisa kutarisa Kudenga, ndinoona chi-Chigaro cheushe, Ngirozi dzakamirapo. Ndikatarisa zasi muno muBhabhironi, ndinoona vi-vira richipfuta. Ndiri kuona vana 3 vakamira ipapo, vachiti, “Mwari wedu anogona kutidzikinura.” Maona? “Asi hatisi kupfugamira mufananidzo wenyu, nokuti zvinopesana neShoko.” Maona? “Takamira pano.”

²⁶⁵ “Zvakanaka,” mambo akadaro, “fambai muchikwira masitepisi, muri kuzopiswa.” Murume mukuru akasimba, kumucheto kwepfumo iri, hevano vachikwira masitepisi, nhanho nenhanho, kuchiwedzera nekuwedzera kupisa.

²⁶⁶ Ndiri kuona imwe Ngirozi yakamira, imwe, padivi peChigaro cheushe, yakabata munondo ndokuuvhomora, ikati, “Baba, onai pasi apo, zviri kuitika! Regai ndiburuke, ndini Gabrieri, ndichashandura mamiriro ezvinhu.”

²⁶⁷ “Dzoserana munondo wako muhara, Gabrieri. Ndazviona.”

²⁶⁸ Heyo imwe ndokuuya, ikati, “Baba, ndini Chinovava, ndini anoparadza nemvura. Munguva yekuparadzwa nemafashamu, munhu akatadza uye akashungurudza vanhu veNyu, uye nda-ndakashandura nyika yese kuita chibhora chemvura. Ndichabvisa Bhabhironi kubva pamepu mangwanani ano. Nditenderei ndiende.”

²⁶⁹ “Ndinoziva kuti unogona, Chinovava, uri Ngirozi yakatendeka. Maona? Asi, haNdingakurege uchienda, iri ibasa raNgu. Ndiri kuenda, ini pachaNgu.”

“Imi... Mavaona here?”

²⁷⁰ “Ndanga ndakavarinda husiku hwese. Ndanzwa munamoto wavo. Ndaona kumira kwavo neShoko raNgu. Ndichanosvikapo nenguva.” Oo, ini zvangu! Ndiri kuVaona vachisimuka nenguwo dzaVo dzhumambo dzichiti bvuu paVari, saizvozvo, zvino vobva vati, “Huyai kuno, mhepo yekumabvazuva, kuChamhembe,

kuMaodzanyemba, kuMadokero. Tsika pamusoro pegore remvura apo, Ndichakutasva sengoro yamabhiza mangwanani ano. Ndiri kudzika kuenda kuBhabhironi, Ndiri kunoshandura mamiriro ezvinhu.” Oo, hama, Vakasvikapo chaipo nenguva!

²⁷¹ Ziso raVo riri padhimba uye ndinoziva kuti Vanonditarira. Vachiri vakatarira manheru ano, vakanditarira ini, Vakakutarira iwe. Vakatarira kuti tichamira here kana kuti hatimire, kuti tichatora sarudzo dziipi, kana tichamira takatendeka kuShoko kana kubva kwaRiri. Nguva yaperera kupfuura zvaunofunga.

²⁷² Jakobho, ari munzira yake yekudzokera kumusha, akafemerwa kuti adzokere kumusha, mukoma wake akanga achisangana naye. Oo, asi humwe husiku akaita mutsimba naMwari. Aitya kusangana nemukoma wake, asi mangwanani akatevera akava muchinda asingatyi, aikamhina. “Handidi Esau kana hondo yake, kana chimwe chazvo,” Mwari vakasvika panzvimbo. Munoono, Vanoita nenzira inoshamisa.

²⁷³ Jesu, arambwa, mushure mekunge ave Mwanakomana waMwari akasimbiswa, akati, “Kana Ndikasaita mabasa aBaba vaNgu, musaNditenda.” Akanga ari Chiedza chezuva (Achiri Chiedza!), akasvika panzvimbo. Uye vanhu, chero Aigona... chingwa nehove nezvingwa, vaiMutevera. Asi paAkatanga kuvaudza Chokwadi cheShoko, zvakavaparadzana, vaive netsika dzavo dzavaibatirira padziri. Chaipesana nadzo, asi munoziva kuti Ainyatsofambirana neMagwaro. Asi meso akapofomadzwa enyika haaikwanisa kuChiona; kunyangwe nazvino, kana muzera ripi zvaro, ndinoreva, ose zvawo. Chii chakaitika? Zvaiita sekunge Aiva akundwa.

²⁷⁴ Munocherechedza, kubva panguva iyoyo chaiyo, mukurumbira waKe wakabva paAri. Rinhi? PaAkatanga kuvaudza Shoko. PaAienda kunova—kunova neshumiro dzekunamatira varwere nembuserere, munhu wese aiMuda, “O Rabhi, huyai kuno!” uye, “Rabhi, huyai kuno!” Asi Dzidziso yaKe payakatanga; “Oo, Dzidziso yaKo inokanganisa vanhu vedu.” Oo, nhai vedu! “Oo, handichakwanisa kuva neMi muchechi yangu zvakare, Rabhi, nokuti, honai, Munovhiringa vanhu vedu, Dzidziso yeNyu inopesana nezvatinotenda.” Hazvina kumboshanduka. Maona? Hazvina. Hongu. “Hatikwanise kuva neMi, Rabhi!” Zvakadaro Iye akasimbiswa, achiratidzwa neMagwaro kuti Aive Ani, asi havana kukwanisa kuZvitenda.

²⁷⁵ Pakupedzisira Akaenderera mberi kusvikira panguva yekupedzisira, Satani paakafunga kuti “NdaMubata,” akaMuroverera pamuchinjikwa. Pasi, pasi, pasi, pasi, kusvikira pakupedzisira vakafunga kuti vakanga vaMubata, vakaMuisa muguva. Asi ndipo apo Mwari vakabva vauya panzvimbo. Akamuka kubva muguva! Sei?

²⁷⁶ Zvimwe chete, Pauro, akati, “Vose...Dhemasi akandisiya. Vanhu vose vakandisiya nokuda kweShoko.” Handitendi kuti Dhemasi akaenda kumabhawa ehusiku nezvimwe. Asi Dhemasi aida kuenda, Dhemasi akanga ari mupfumi. Zvino aida kufambidzana neboka raiva nemukurumbira, uye saka akabva aenda ikoko uko kwakaenda vamwe vose. Ndokubva Pauro ati, “Vanhu vose vakandisiya.” Sei? Shumiro yake, akanga ava kusvika panhongonya payo, achidzika kusvika kumagumo.

²⁷⁷ Chishuvo chake chaiva chokuva anofira chitendero nokuti akanga auraya Stefano, akapupurira rufu rwake ndokurwubvumira. Aida kufa. Apo...Agabhasi, muporofita uya akanga akakurumbira, akamira pedyo naye akamuudza kuti arege kuenda kumusoro kuJerusarema, akati, “Ndinoziva zvekuti ndisaenda. Asi handisi kungoshuvira chete kuenda, kuenda kuJerusarema, ndiri mumangetani uye ndakasungwa, asi ndakatogadzirira kuenda kunofira Ishe Jesu.” Chaiva chii? Akanga achisimbisa shumiro yake.

²⁷⁸ O Chechi yaMwari mupenyu, taigona kutaura husiku hwose. Tichasimbisa sei Mharidzo yedu? Tichazviita sei? Mwari, vatibatsire kutora Shoko iri, timire nehumhare. Regai ndife neShoko; ndirarame neShoko, kufa neShoko. Paradzira Chiedza, nokuti kuchava neChiedza munguva dzamanheru. Tiri munguva iyoyo, shamwari. NgatiChitendei, tichikotamisa misoro yedu.

²⁷⁹ Chekutanga, ndiri kukumbira ruregerero nekukuchengetai nguva yese iyi, pamaawa 2 chaiwo, awa nemaminitsi 45, ndinofunga, chaizvo. Ndinovimba kuti hapana charwadzisa. Hatifaniri kugumbutsa. Izvozvo, kana zviri mune medu—kana zviri mumoyo medu nemweya, zvino tiri kukanganisa, pachedu, kana isu vashumiri tikangotaura zvinhu izvozvo, hama dzangu pano, varume ava vakazadzwa neMweya Mutsvene. Maona?

²⁸⁰ Pandakaponeswa uye ndakaudza mufundisi wangu weBaptisti kuti ndakanga ndagamuchira Mweya Mutsvene, nezvinhu zvose izvi, izvi...uye neMutumwa waJehovha zvaakandiuudza zvekuita, akati, “Unofanirwa kunge wakava nemadzikirira, Billy.”

Ndakati, “Chiremba Davis, ndakaona Ngirozi.”

²⁸¹ Vakati, “Oo, hazvina maturo!” Vakati, “Ndezva—ndezvadiyahabhore.” Maona? Oo, ini zvangu, zvakandirwadza chaizvo! Akati, “Uri kuzoparidzira madzimambo nemadzishe iwe?”

Ndikati, “Ndizvo zvaAkataura.”

Vakati, “Nedzidzo yegiredhi 7?”

Ndikati, “Ndizvo zvaAkataura.”

²⁸² Akati, “Unofunga kuti ndiani achateerera? Kubuda uchinoparidza kupodza kwaMwari muzuva rakaita serino,

uye neyose iyi tsvakurudzo yakanaka yezvokurapa nezvimwe zvakadaro?”

Ndakati, “Handinei nekuti vangani vanaGoriyati vakamira ipapo.”

Vakati, “Unofunga kuti ndiani achakunzwa?”

²⁸³ Ndakati, “Kana Mwari vachindituma, pachava nemumwe munhu anoninzwa.”

²⁸⁴ Ndainge ndisingazive nezvenyu imi vanhu panguva iyoyo. Uye pandakauya kwamuri, zvakangoita sekuisa girovhosi paruoko, ndakasvikokwana chaizvo pamuri. Ndinokudai. Ndinokudai. Ndinoda hama dzangu vafundisi. Munofunga kuti muPresbyteriani, muMethodisti, kana muLutherani, vangazarura chechi yavo sezvaitwa nehama iyi manheru ano, kuitira kuti tigare pano toparidza mhando ino yemharidzo? Kwete, changamire, kwete zvachose. Ava ndivo varume mhare vanotenda Chokwadi. Zvino mirai muri paShoko navo, munooona, garai kure nezvinhu zvenyika.

²⁸⁵ Hanzvadzi, regai vhudzi renyu rikure. Pfekai madhirezi enyu, zvakakanaka uye zvakashambidzika. Munonyadzisa. Bvisai pendi iyo kumeso kwenyu. Maona? Mune Magwaro akawanda ekuzora pendi kupfuura amunawo ekugera bvudzi renyu. Ndizvozvo. Musazviita. Musazviita. Bhaibheri rakati chinhu chakazvidzika chokuti mudzimai angaite. Bvudzi ndiro kubwinya kwake. Zvino unoti, “Chinhu chidiki.” Zvakakanaka, ngatibvisei zvinhu zvidiki munzira tobva tazotaura pamusoro pezvinhu zvikuru. Ngatitangei zvakakanaka.

²⁸⁶ Zvino, hama. Oo, ini zvangu! Regai nditaure chinhu 1 kuvarume. Changamire, hama yangu, kana mukarega mudzimai wenyu achiita chinhu chakadaro, ndinokunyarirai, uye mozviti muri murume akazadzwa neMweya. Munonyadzisa, kurega mudzimai wenyu achienda mumugwagwa.

²⁸⁷ Uye dhirezi rako richikwezva ruchiva nezvose zvakadaro, zvino unoziva here kuti Bhaibheri rakati, Jesu akati, “Ani naani anotarisa mukadzi kuti amuchive atoita upombwe naye?”

²⁸⁸ Unoti, “Zvino chimbomirai zvisihoma, hama yangu, handina mhosva.” Ndinotenda kuti hamunawo zvakare, hanzvadzi yangu, hamuna mhosva yechiito chacho panyama. Asi kana mukazviratidza kudaro uye mutadzi okutarisai, uye mozviratidza saizvozvo, ndiani ane mhosva? Munayo, nokuda kwekuzviratidza kudaro. Zvino nezuva reKutongwa, kana mutadzi iyeye opindurira hupombwe, akahuita naani mumwoyo make? Nemi! Sei? Nokuti makazviratidza sekudaro. Zvino, chinongova Chokwadi.

²⁸⁹ Hamungadaro here, hamungadaro here, hanzvadzi, ndapota, muZita raJesu, ndingakukumbiraiwo here sehama yenyu, kuti mugadzirise?

290 Hama, munonyadzisa nokubata imba yenyu sekudaro, gadzirisai. Ndi—ndinotarisira zviru nani kwamuri semurume. Maona?

291 Vafundisi vanotendera vanhu ivavo kuti vapinde, vovaita madhikoni nezvimwe zvose nemabasa akadaro, vane vakadzi 2 kana 3 vapenyu, nezvimwe, hamunyare here, mushumiri? Hamunyari nezvinhu izvozvo here? Uye motora nhengo idzodzo imomo apo vanenge vachirarama muhupombwe, uye vachiputa midzanga, uye nekuita zvose, uye musingatombozvitaura kubva papuratifomu. Munonyadzisa! Ndi—ndi—ndinokunamatirai, hama.

292 Mwari vakuropafadzei. Ndinokutendai nekutsungirira kwenyu neni. Zvino, handizivi . . .

293 Chiedza chemanheru chasvika. Chiedza chemanheru chiri pano, kudzokera kuShoko.

294 Zvino, nemisoro yenyu yakakotamiswa, mwoyo yenyu yakakotamiswa, zvibvunze mubvunzo uyu, “Ndiri kutevedzera here zvinodiwa neShoko iri? Ndiri kudaro here?”

295 Munamato wangu ndewekuti, kubva papuratifomu, “O Mwari, bvisai zvose kubva kwandiri zvisina kufanana neMi. O Mwari, bvisai kwandiri.” Tiri zasi kuno kumagumo enzira.

296 Zvakanaka, ungave wakaperera zvakadaro here zvekusimudza maoko ako woti, “Mwari, bvisai pandiri zvese zvisina kufanana neMi. Ndigadzirei, Ishe, ndiumbei uye mundigadzire?” Ishe vakuropafadzei.

297 Kana paina ani zvake asina kururama, uye ari mutadzi uye apinda muno manheru ano, uye asina kumbogamuchira Kristu seMuponesi, kana akadzokera shure kana chimwe chinhu, uye uchida kudzoka, unokokwa kuti uye kuzomira pano paartari. Kana uchitenda kuti Mwari vanonzwa minamato yangu yevanorwara, ndinotenda kuti Vanondinzwa. Uye iwe neni pamwe chete tichiisa kutenda kwedu paChibairo, Jesu Kristu, Mwanakomana waMwari, uye toisa munamato, ndinotenda kuti Mwari vanonzwa. Unokokwa kuti uye kuzomira tichinamata.

298 Zvino, Baba vedu voKudenga, tinopa kwaMuri ungoro ino, mashoko akaputsika aya anga akareba, Ishe. Zvokutoti vazhinji vaneta uye varukutika uye vaenda kumba, uye pamwe vamwe havana kuva nemanzwiwo akanaka zvishoma, uye, Ishe, ini—ini handikwanise kuziva kuti ndiani ari muungano nguva dzese. Uye, mushure mazvose, Baba, IShoko reNyu uye Munoziva mwoyo wangu. Saka . . . uye ndiri . . . Ndine nhamo kana ndikasazviita. Uye ndi—ndinofanira kuzviita, Ishe. Saka ndinonamata zvino kuti vanhu vane kunzwisisa kweShoko vazonyatsonzwisisa, uye ndine chokwadi kuti avo vaMakadaidza kuHupenyu vachadaro, kuti hachisi chimwe chinhu munyika kunze kwemwoyo uzere nerudo kuna Mwari neChechi yaVo kuti ndikumbirire zvinhu izvi.

²⁹⁹ Baba, chaizvoizvo ruoko rwese rwuri muno rwasimudzirwa kudzingiswa, kuchekwa zvese zvakawandisa zvinenge zvisiri zvepo. Mwari, tibatsirei tose. Ndinomira chaizvo pamwe navo, Ishe. Ndiri mumwe wavo, ndakatarisira kuuya kwezuva rinofadza iroro reMireniyamu apo chivi nenyadzi zvichaparadzwa zvachose. Uye, Baba, tichiri munyika ino tinoziva kuti tiri pasi pezvinhu izvi, tinokanganisa, tinotadza, tichiri kufamba, asi zvakadaro hatishuviri kuzviita. Sezvakataurwa neBhaibheri, “Usapera simba kana uchitsiurwa.” Asi ndinonamata, Baba, kuti kutsiura kweShoko kundicheke ini zvakangosimba seapo riri kucheka vamwe vose. Uye ndinonamata, Baba, kuti vazvinzwisise nenzira iyoyo.

³⁰⁰ Ndinonamata kuti Muvaropafadze zvino. Uye dai izvi, sezvatakanamata kumashure, Ishe, tichiziva nekutarisa zvatinokumbira, nokuti hatidi kukumbira zvisizvo, hatidi kukumbira chimwe chinhu zvekungotaura chete, nekuti tiri kutaura neMi.

³⁰¹ NdinoKukumbirai kuti muropafadze hama yedu diki pano yandivhurira musuwo wavo kuti ndipinde manheru ano. Ndinonamata kuti Muropafadze chechi yavo uye dai mumwe nemumwe wenhengo dzavo, Ishe, ango. . . Dai ino ikava imba yechiedza, nzvimbo iyo zvipo zvaMwari zviri kuyerera uye zvinhu zvose zvichingofamba zvakana.

³⁰² Ropafadzai mushumiri wese agere pano, machechi avo. Zvino dai pakava nekuzunguzwa kukuru, kana ruzha mumuti wemuhabhurosi, rweMweya waMwari uchipfuura nemuPhoenix, nokuunza machechi mukuyanana uye neku—uye nekurumutsiriro rukuru, zvekuti vashumiri havazokwanisi kuparidza, nokuda kweKubwinya kwaMwari; asi vatsvene pavanouya pamwe chete masakati, kuchema nokunyengetera nokupupura nemashoko endimi, kuchingova kudururwa chaiko kweMweya, apo guta rose richakwezvwa kuuya, kuzoteerera. Zviitei zvino.

³⁰³ Podzai vanorwara vari pakati pedu, Ishe. Vapei rudzikinuro rwaMwari, Baba, kubudikidza neZita raJesu Kristu.

³⁰⁴ Zvino takakotamisa misoro yedu, kana paine chero pano anoda kumira paartari zvino, uye apo takakotamisa misoro yedu, uye tichangoimba mahon’era karwiyo kadiki, rwiyo rwa—rwa—rwakanaka, rwiyo rwekare rweEvhangeri. Uye tinoda kurwuimba mahon’era. Uye patiri kudaro, kana paine munhu anoda kuti timunamatire, kuti uve nechitiko cha—chakadzama, kugamuchira Mweya Mutsvene, kana kuti wakaponeswa uye usati wacheneswa nazvino, kana chero hacho, tichafara kuita izvozo tichiimba rwiyo rwuduku urwu, *NdinoMuda*. Uye kana uchiMuda, ngatiremekedzei Shoko raKe zvino.

NdinoMuda, ndinoMuda
Nokuti ndiYe akatanga kundida

Ndokutenga ruponeso rwangu
Pamuti weKarivhari.

305 Pavanenge vachiuuya, ndinoda kuti mumwe nomumwe atore
nzvimbo yake pano zvino. Zvakanaka, hanzvadzi.

. . . kuMuda, ndinoMuda
Nokuti iYe . . .

Huyai henyu zvino, paartari, imi munoda kuuya zvino.

. . . ini
Ndokutenga ruponeso rwangu
Pane weKarivhari . . .

306 Ko sei vamwe venyu imi hanzvadzi mune vhudzi pfupi
musingauye kuno kuzoita chitsidzo kuna Mwari? Munoda
here kuti ndikuverengerei kubva muBhaibheri? Zvakanaka.
Hamungauye here, moti, “Ishe, ndinoda kuva ndakarurama
muzvinhu zvose, uye ndinoda kutanga zvakanaka. Uye ndinoda
kupinda munzira chaiyo ndogaramo. Ndichaita chitsidzo
kwaMuri manheru ano, Ishe. Riri kuzokura kubva zvino
zvichienda mberi?”

307 Bhaibheri rakati zvinonyadzisa kuti murume ave nevhudzi
refu, rinotaridzika semukadzi. Mwari vakaita sungano 2,
imwe naAdhamu neimwe naEvha. Akavapfekedza zvakasiyana.
Vakasiyana, zvachose. Vakatogara vakasiyana. Pane sungano
2 dzinofamba dzichidzika nemuBhaibheri. Ndinoda kuparidza
pamusoro pesungano iyoyo iri muhuviri humwe husiku, imwe
nguva, ndokuratidzai zviri musiyano wacho. Oo, ini zvangu,
zvinoshamisa. Itori munyaya yenyu yekuroorana nekurambana,
dai maiziva chokwadi pane izvozvo, zvaizongogadzirisa nyaya
yacho yese. Ndizvozvo. Zvakanaka, zvakare zvino, tichine
chokwadi zvino. Huyai, hamungadaro here?

NdinoMuda . . .

Uri kuda Mweya Mutsvene here? Huya kumusoro kuno,
womira pano.

Nokuti ndiYe akatanga kundida
Uye . . .

Unoda kufamba pedyo naYe here? Huya, uite mhiko, umire
pedyo naYe uichengete. Hazvina zvazvinobatsira kuita mhiko
kunze kwekunge uchiichengeta.

Pa . . .

Unogona kuuya kuzoita mhiko yako. Mwari vanofanira
kuizadza. Iwe ingobata mhiko yako.

308 Zvino ndichakumbira hama dzangu vashumiri kana
mungafamba muchiuuya iko kuno, momira pane vanhu
vanokosha ava tichinamata ipo pano, taurai kune mumwe
nemumwe, bvunzai zvavanoda zvino apo tiri pano.

309 Munhu wese nekuremekedza kwese kwamungagona. Zvino, Mwari vachakukudza, ingoremekedza chaizvo kusvikira munamato uyu waitwa. Munogona kupota mouya kuno zvino, imo muno, mukati muno, pano kumusoro kuno nekumashure kwevanhu ava vakamira pano kuzonamatirwa.

Pamuti weKarivhari.

310 Zvino zvakare, apo kune vashumiri vari kuungana kumativi ose maviri.

NdinoMuda, ndi . . .

Ndinofarira kuona izvozvo, vashumiri vemasangano akasiyana, vose vari muhumwe zvino; ndipo pasi peRopa.

Nokuti ndiYe akatanga kundida

Ndokutenga ruponeso rwangu

Pamuti weKarivhari. (Zvangu ini!)

311 Zvino fambai muchiuya, hama, kumunhu wenyu wamumire naye, isai ruoko rwenyu pamusoro pavo movabvunza zvavari kuda kubva kuna Mwari. Haisi nguva inoshamisa here? Munoziva, pandinoona izvi, tarisai pano, vashumiri vemachechi akasiyana, vakamira pamwe chete. Hanzvadzi dzanga dziri panhowo dzasimuka, dzabuda, dzaenda. Ishe ngavarumbidzwe. Ndinotenda kwazvo nekuda kwazvo, kumira muZita raShe.

312 Zvino, regai unganano zvino, munhu wose kotamisa musoro wako. Mumwe nomumwe wenyu zvino, mumoyo mako, ingotaura naMwari sokutaura kwaungaita kwandiri; sekuti ungauya uchiti, “Hama Branham, ini—ini . . .” Kana wakaita chimwe chinhu chakaipa, unoti, “Ndine hurombo, Hama Branham. Nda—ndakaita izvi, mungandiregererawo here nekuda kwazvo? Ndichaita vimbiso kwamuri, Hama Branham, handife ndakakuitirai izvozvo zvakare.” Zvino chingoshandurai kubva pazita rangu, kubva kwandiri, kuenda kuna Ishe wenyu Jesu Kristu.

313 Uye kana uchida kupodzwa, sekuti waizouya uchiti, “Hama Branham, nda—ndakabhuroka, handina kudya manheru ano, uye, hongu, ndinoziva kuti kana maive nedhora maizondipa.” Zvino, munoona, haudi kuti uti kuna Mwari, “Kana Muine simba rekupodza.” Vanaro, munoona. Unofanira kutaura kwandiri, “Kana munaro.” Asi kwaVari haudi kuti utaure kuti, “Kana Munaro.” Vanaro! Maona? Saka unoti, sekuti, “Hama Branham, mungandipawo dhora here? Ndi—ndi—ndiri kuda chimwe chinhu chekudya.” Handiti, hongu ndaizodaro, munozviziva. Kana ndaive naro ndaikupa, chero nguva. Ndingava nemoyo wakaipa kana ndisina kuzviita. Zvino ini, ndiri munhu ane hutsinye, anotadza, uye ndova nemwoyo wakanaka kudaro kune mumwe munhu akaita sewe, kuzoti Mwari vangave vakaita sei?

314 “Kana iwe wakaipa uchiziva kupa zvipo zvakanaka, ko Baba venyu veKudenga vachapa Mweya kwavari zvakawedzerwa

zvakadini, vanoUkumbira.” “Kana ukakumbira hove, Vangakupa nyoka here? Ukakumbira chingwa, Vangakupa dombo here?” Zvirokwazvo kwete!

³¹⁵ Handiti, kana ukangoVakumbira nenzira iyoyo, nokutenda, uchitenda izvozo, unozviwana kubva kwaVari nekukurumidza zvakapetwa kamiriyoni kudarika paungawana chero chii zvacho kwandiri. Uye unoziva kuti ndaizokubatsira, ndaizoita chero chii zvacho chandaigona. Chero wehama idzi vaizodaro, taizobuditsa kobiri rose muhomwe yedu kuti tikubatsire. Taizoita chero chipi zvacho chatinogona. Asi ichi chinhu chaunofanira kutenda nekutenda.

³¹⁶ Zvino, tenda kuti uchazvigamuchira patinenge tichinamata, uye iwe wonamata, uye ungoro yonamata, zvino ndinotenda kuti Mwari vachadzika kuzoremekedza munamato wedu. Uye nguva iyoyo chaiyo yaunonzwa kuti wava naWo, kuti Mwari vachapindura munamato wako, zvino waita sungano, “Ishe, ndakatadza, handichazviiti zvakare. Ndichasimudza ruoko rwangu, ndinoKuvimbisai kuti handizviiti,” Mwari vachakutora pashoko rako. Uye ingozvitenda nenzira iyoyo uye zvese zvichapera. Zvino chingosimudza maoko ako uVatende, “Ishe, ndaita mhiko yangu. Uye ndinoziva kuti ndeyeNyu, uye Makavimbisa kuti muchaipindura, uye haMukundike.”

³¹⁷ Baba veKudenga, isu, varanda veNyu, tinomira pane boka rino rauya mberi richida maropafadzo eNyu nerubatsiro reNyu panguya ino. Baba, mikombe yeMharidzo, nguva yeChiedza chemanheru. Vazhinji vavo, Ishe, vari kupupura. Vamwe vavo vane zviru kudikanwa mukuperera. Ndinonamata, Mwari, kuti muZita raJesu kuti Musarambe mumwe wavo, nokuti Munochengeta Shoko reNyu. Ndiri kuunza Shoko reNyu kundangariro dzeNyu, Ishe, sezvakaita Petro nevadzidzi pavakanamata muna Mabasa 4, vakati, “Ishe, rangarirai Shoko! Vahedheni vanoitirei hashu uye vanhu vanofungirei zvisina maturo?”

³¹⁸ Zvino, Baba, tinounza Shoko reNyu. Makati, “Uyo anotenda maNdiri ane Hupenyu husingaperi. Anouya kwaNdiri haNdingatongomurasiri kunze. Uyo anonzwa Mashoko aNgu uye achitenda kune Uyo akaNdituma ane Hupenyu Husingaperi, uye haazouyi muKutongwa asi abva murufu achienda kuHupenyu.”


³¹⁹ Oo, itai kuti zvikumbiro zvedu zvizivikanwe kuna Mwari, uye Vachatipindura. Vane zvakaawanda... “Anoreurura zvivi zvake acharegererwa. Anoviga chivi chake haabudiriri.” Uye tinoreurura kukanganisa kwedu. Ndinoreurura zvakaipa zvevanhu. Ndinoreurura zvakaipa zvangu ini pachangu. Ndinokumbira tsitsi. Ndinokumbira kupodzwa. Ndinokumbira nyasha. Ndinokumbira kuti Mugodurura Mweya Mutsvene, Ishe, iko zvino pamusoro pevanhu ava vakamirira, kuti

hupenyu hwavo hushandurwe muforoma yaMwari, uye vaumbwe mumufananidzo weMwanakomana waMwari, kuti Mweya wakaMumutsa, kuti upinde mumutumbi wavo wovaita vanakomana nevanasikana vaMwari. Zviitei, Ishe.

³²⁰ Tinotenda kuti Muri pano. Tinotenda kuti Mucharemekedza Shoko reNyu. Tinotenda kuti Mucharemekedza kushingaira kweShoko. Zvino tumirai maropafadzo aya pavanhu ava pavakamirira Hupo hweNyu kuti huvashanyire pano paartari. MuZita raJesu.

³²¹ Zvino, kana uchitenda, uye uchitenda kuti wagamuchira, simudza ruoko rwako kuna Mwari. Kana uchizvigamuchira semunamato wekutenda nemhiko yako uchitendeukira kuna Mwari zvino, simudza maoko ako.

³²² Uye unganano ngaisimuke. Munhu wese, simuka, anoda kuita chitsidzo kuna Mwari, zvino iti, “NdinoZvitenda. NdinoZvigamuchira. NdinoZvitenda.”

³²³ Zvino simudza maoko ako uVape rumbidzo uye zvose zvichapera. Mwari ngavarumbidzwe! Mazvita heNyu, Ishe Jesu, nekuda kwekunaka kweNyu netsitsi dzeNyu, uye nekuda kwezvese zvaMatiitira, Ishe. TinoKupai rumbidzo kubudikidza naJesu Kristu. 

63-0116 Mutumwa WeManheru
Pentecostal Church Of God
Mesa, Arizona U.S.A.

SHONA

©2024 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nevekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

www.branham.org